



Lekòl Leta Miami-Dade County

2020 | 2021

Reopen SMART Return SAFE



YON GID POU REOUVÈTI LEKÒL LETA MIAMI-DADE COUNTY



KOMISYON KONSÈY LEKÒL LETA MIAMI-DADE COUNTY, FLORIDA

Madan Perla Tabares Hantman, Chèmann

Dtè. Steve Gallon III, Vis Chèmann

Dtè. Dorothy Bendross-Mindingall

Madan Susie V. Castillo

Dtè. Lawrence S. Feldman

Dtè. Martin Karp

Dtè. Lubby Navarro

Dtè. Marta Pérez

Madan Mari Tere Rojas

Mzèl. Maria Martinez
Konseye Elèv



Msye. Alberto M. Carvalho
Sipèntandan Lekòl yo



Miami-Dade County Public Schools

giving our students the world

Superintendent of Schools

Alberto M. Carvalho

Miami-Dade County School Board

Perla Tabares Hantman, Chair

Dr. Steve Gallon III, Vice Chair

Dr. Dorothy Bendross-Mindingall

Susie V. Castillo

Dr. Lawrence S. Feldman

Dr. Martin Karp

Dr. Lubby Navarro

Dr. Marta Pérez

Mari Tere Rojas

Out 2020

Chè Fanmi Lekòl Leta Miami-Dade County:

Kòm Sipèéntandan Lekòl yo e nan non Komisyón Konsèy Lekòl la, mwen kontan pou m akeyi elèv, edikatè, anplwaye sipò, paran, ak patnè kominotè yo nan kòmansman ane lekòl 2020-2021 an. "Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)" (Lekòl Leta Miami-Dade County) ap prepare yon fwa ankò pou li anbake nan yon nouvo chemen ansèyman ak aprantisaj majik. Nou rekònèt lekòl ak sa plizyè nan nou abitye ap sètènman diferan pandan moman 'COVID-19' la. Sepandan, de (2) bagay ki pral rete konstan sèke edikatè nou yo se sa ki pi ekselan nan mond lan e ki konplètman angaje pou bay chak elèv nou yo ap sèvi yon edikasyon klas mondal.

Pandan kominote nou an kontinye ap reponn ak pandemi COVID-19 la, nou konprann wòl enpòtan lekòl la jwe nan bay elèv ak fanmi yo yon sans woutin ak konfò. Nou totalman dakò meyè kote pou pwofesè ak elèv ye se ansann anndan yon lekòl ki chalere e akeyan. Nou ap ret tann avèk enpasyans yon fwa ankò pou salklas nou yo ranpli ak vizaj souriyan ak jèn sèvo ki enterese ak nouvo ide. Malerezman, kondisyon santeiblik ki aktyèlman egziste nan Miami-Dade County a pa pwopis pou yon retou lekòl fasasfas ki ansekirite nan moman sa a. Konsa, dat pou elèv yo kòmanse lekòl pwolonje jiska a lendi 31 out 2020, lè klas yo pral kòmanse nan yon anviwònman a distans. Pandan kondisyon yo ap amelyore, li posib pou 5 oktòb fanmi elèv ki chwazi sa, ka retounen nan lekòl yo asiyen yo, pandan sa yo ki te chwazi ansèyman a distans pap eksperimente okenn chanzman. Anplwaye M-DCPS pral kontinye siveye pandemi a e ap travay avèk ekspè medikal yo pou asire sante ak sekirite elèv ak anplwaye yo atravè ane a.

Pandan nou ap apwoche premye jou lekòl la, nou konprann enpòtans pou asire chak moun gen responsabilite avèk enfòmasyon ki pi korèk e ki a lè, tankou ki chanzman pou atann, kiyès pou rele, e kòman pou rete ansekirite. Paj k ap suiv yo pral sèvi pou navige pwochen mwa ki ap vini yo. Atravè li, lektè yo pral jwenn enfòmasyon sou "My School Online (MSO)" (Lekòl Mwen sou Entènèt), platfòm aprantisaj inovatif tout elèv pral kòmanse ane sa a, ansann ak enfòmasyon sou Modèl nan Bilding Lekòl yo ki apwoksimativman mwatyè elèv nou yo pral fè tranzisyon yon fwa kondisyon nan kominote yo gen ase sekirite. Anplis, ap genyen ladan resous, nimewo telefòn, lyen entènèt, ak lòt enfòmasyon. Nou ap mete gid reouvèti sa a kontinyèlman ajou lè nouvo enfòmasyon oubyen resous vin disponib, donk mwen ankouraje w make li e kontinye tcheke li regilyèman.

Ankò, nan non mwen ak Komisyón Konsèy Lekòl la, mwen vle swete nou chak bon retou nan nouvo ane lekòl la. Nou pran angajman pou asire w chak timoun jwenn tout sipò, angajman, ak sekirite pandan nou ap anbake nan 2020-2021 an.

Sensèman,

Alberto M. Carvalho
Sipèéntandan Lekòl yo

Table of Contents

Entwodiksyon.....	6
Fason pou Rete Enfòme	7
Prensip ki Gide Reouvèti Lekòl yo.....	8
Dat Enpòtan	8
Sondaj Moun Ki Enterese yo.....	9
Etap Reouvèti Lekòl yo	10
Kalandriye Ouvéti Lekòl la	11
Kalandriye Lekòl 2020-2021 an.....	12
Kritè pou Retounen nan Enstriksyon Fasafas	13
Lekòl Mwen Sou Entènèt.....	14
“What is My School Online?” (Kisa Lekòl Mwen sou Entènèt ye?)	15
Segman Jounen Elèv la	15
Orè Jounen Lekòl la.....	16
Orè Elèv yo	16
Yon Jounen nan Lavi Elèv MSO yo	17
Prezans nan Lekòl Mwen sou Entènèt.....	17
Fè Apèl nan Lekòl Mwen sou Entènèt	18
Prezans Lekòl/Reta.....	18
Prezans nan Klas.....	18
Reta nan Klas	18
Absans nan Klas ki Eskize/Pa Eskize	18
Pwogram Aprantisaj Aplike	19
“Career & Technical Education (CTE)” (Edikasyon Karyè ak Teknik)	19
Ladrès Lavi/’STE(A)M’, Ar Vizyèl ak Pèfòmans	20
Akademik Avanse.....	20
Edikasyon Don.....	20
AP/IB/AICE	21
Anwolman Doub	21
Demand Gradyasyon / Chemen pou Diplòm.....	21
Pwogram pou Timoun Anbazaj	22
Sipò pou Popilasyon Espesyal yo.....	23
Elèv ki gen Andikap.....	23
Moun ki Ap Aprann Lang Anglè	24
Modèl Bilding Lekòl (Lekòl Fasafas).....	25
Enstriksyon nan Salklas.....	26
Idantifikasiyon Sentòm, Idantifikasiyon Ka Pozitif, Retrase Kontak, e Evalye Fèmti Lekòl	27
Pwosedi pou Kouvri Vizaj ak Ijyèn.....	28
Kouvèti pou Vizaj.....	28
Distans Sosyal.....	30
Pwotokòl pou Netwayaj ak Sanitasyon	30
Vizitè.....	30
Pwotokòl pou Orè Dejne ak Repa Midi	31
Pwotokòl pou Swen Avan e Apre Lekòl	31
Transpò nan Otobis Lekòl yo	32
Enstriksyon ak Siyalizasyon	33
Sèvis ak Sipò Total.....	34
“Multi-Tiered System of Support (MTSS)” (Sistèm Sipò a Plizyè Nivo).....	35

Sipò Sante Mantal	37
Sèvis Manje.....	38
Aktivite Atletik.....	39
Aktivite Andeyò Orè Lekòl, Pwomnad ak Aktivite nan Lekòl	40
Angajman Familyal e Kominotè	41
Angajman Familyal	42
Kenbe Fanmi yo Enfòme.....	42
Semèn Byenveni.....	43
Sipò pou Aparèy ak Teknoloji	43
Liy Enfòmasyon Sipò	44
Vaksen Elèv.....	44
Sipòtè Elèv nan "My School Online (MSO)" (Lekòl Mwen sou Entènèt).....	45
Sipòtè Elèv nan Bilding Lekòl yo.....	45
Angajman Kominotè	46
"Dade Partners" (Patnè Dade yo): Patenarya Kominotè.....	46
Pwogram Estaj pou Ane Akademik la	46
Volontè Lekòl.....	46
Edikasyon Adilt ak Kolej Teknik	47
Anplwaye Sipò	49
Pwotokòl Andwa Travay yo.....	50
Sipò ak Benefis Sante Mantal	51
Devlopman ak Fòmasyon Pwofesyonèl	52
Dat Devlopman Pwofesyonèl yo	53
Resous Adisyonèl	54
Enfòmasyon COVID-19 pou Lòt Ajans.....	54
Manje Kominotè, Distribisyon Manje, ak Asistans pou Fanmi ki nan Bezwen.....	54
Enskripsyon Nouvo Elèv	55
"Miami-Dade Schools Police Department (MDSPD)"	55
(Depatman Polis Lekòl Leta Miami-Dade County)	55
Konfòmite Dwa Sivil.....	56
Sant pou Enfòmasyon Sitwayen.....	56
Pwogram Peye Swen Avan e Apre Lekòl nan Lekòl Elementè ak Sant K-8.....	57
Lekòl Kominotè yo Ofri Opòtinité Edikasyonèl Nan Pri Abòdab.....	57
Kòd pou Konduit Elèv	58
'Florida KidCare': Asirans Sante pou Timoun nan Pri Abòdab!	58
'Title I'	58
'Project UP-START'	59
Pwogram Sipò Asistans Telefòn nan Florid.....	60
Asistans Aksè Entènèt.....	60
Chemen Diplòm	61
Demand pou Gradyasyon	61
Pwogram Konpreyansif Sèvis Elèv la Satisfè Bezwen Elèv Sipòtè Sèvis pou Elèv an Fanmi yo	62
Prevansyon Kont Nuizans.....	62
Pwogram Asistans pou Kolèj.....	62
Fwa Kolèj Nasional	63
Sant Rejyon yo	64

Entwodiksyon

Nan prentan 2020 an, Lekòl Leta Miami-Dade County, tankou lòt distri nan peyi a e nan mond lan, te aji rapidman pou adrese bezwen edikasyonèl elèv li yo lè li te oblige fèmen lekòl yo nan mitan pandemi 'COVID-19' la. Nan mobilize anplwaye li yo ak pwofite de resous li yo, Distri a te amelyore pwoesi ak pwotokòl li te itilize anvan yo pou fèmti lekòl akoz ijans move tan yo. Yo te fè premye Plan Kontinite Enstriksyonèl la pou adrese bezwen enstriksyonèl elèv li yo pou yon peryòd ki limite. Lè li te vin evidan lekòl t ap rete fèmen pou yon peryòd tan ki pwolonje, Distri a te pwolonje plan li te genyen anvan an e kreye Plan Kontinite Enstriksyonèl 2.0, konsa li te bay yon platfòm pou elèv yo fini ane lekòl 2019-2020 an.

Pandan pandemi a te kontinye avèk entansite, li te kreye ensèsitud sou kisa edikasyon K-12 te ka ye ane lekòl ki ap vini an. Anvan Lekòl yo te fèmen pou ane lekòl 2019-2020 an, travay te kòmanse sou plan reouvèti pou 2020-2021. Administrasyon M-DCPS, anplwaye, patnè kominotè, elèv ak fanmi yo te vin mete tèt ansanm atravè patisipasyon yo nan repons ak sondaj, reyinyon komite konsiltatif, ak reyinyon Komisyón Konsèy Lekòl la ki te pèmèt Distri a re-anvizaje fason edikasyon te ka fonksyone pou elèv nou yo nan otòn nan. Atravè tout efò ak plan nou yo, sekirite elèv ak anplwaye yo te rete premye preyokipasyon nou menmjan avèk devwa moral nou pou bay pi gwo kalite edikasyon pou tout elèv.

Dokiman sa a, *Reouvè avèk ENTELIJANS e Retounen AN SEKIRITE: Yon Gid pou Reouvèti Lekòl Leta Miami-Dade County*, ki rezime modèl enstriksyonèl yo, pwoesis ak pwoesi nou pral emplante e pwolonje pou ane lekòl 2020-2021 ki ap vini an. Entansyon gid sa a se pou sèvi kòm yon resous pou kominote nou an ede navige retou lekòl pou timoun nan kominote nou an. Jan nou tout konnen, pandemi COVID-19 la ka evolye e kondisyon yo ka chanje, men Lekòl Leta Miami-Dade County pral kontinye siveye e ajiste kondisyon yo lè li nesesè. Nou pral kontinye mete dokiman sa a ajou atravè semèn ki ap vin yo lè plis enfòmasyon vin disponib.

Fason pou Rete Enfòme

Pandan Distri a kontinye ap siveye kondisyon transmisyon COVID-19 nan kominote yo, nou pral kontinye bay paran enfòmasyon ajou konsènan etap reouvèti yo ak nenpòt ajisteman nan modèl enstriksyonèl yo ak kalandriye lekòl la. Nou pral bay enfòmasyon atravè diferan mwayen tankou nòt pou lapres, sit entènèt Reouvèti Lekòl Distri a, Pòtal Elèv ak Paran yo, ak medya sosyal yo. Anplis, nou ankouraje paran yo rete an komunikasyon avèk lekòl ptit yo pou nenpòt enfòmasyon konsènan reouvèti lekòl yo alavni.



Pòtal Paran an

Pòtal Paran an pral premye kote paran pral ka jwenn aksè a nòt e orè ptit yo. Pou jwenn yo, kont paran an dwe konekte ak pa elèv yo a. Paran yo ka kontakte lekòl ptit yo a e bay bon idantifikasyon pou resevwa "pin" (nimewo idantifikasyon pèsònèl) inik sis chif yo bezwen pou konekte kont yo. Vizite <http://www.dadeschools.net/parents.asp> oubyen eskane kòd QR ki agoch la.



Aplikasyon Mobil 'Dadeschools'

Nou rekòmande pou paran konekte kont elèv yo ak kont pa yo. Paran yo ka kontakte lekòl ptit yo a e bay yon idantifikasyon pou resevwa "pin" (nimewo idantifikasyon pèsònèl) inik sis chif yo bezwen pou konekte kont yo. Aplikasyon an disponib sou toude, 'App Store' ak 'Google Play'.



Sit Entènèt Reouvèti Lekòl la

Sit entènèt ofisyèl la pral gen enfòmasyon ki pi ajou yo tankou "Frequently Asked Questions (FAQs)" (Kesyon Moun Poze Souvan) ki konplè. Eskane kòd QR ki agoch la oubyen vizite <http://reopening.dadeschools.net>.



Andwa Lekòl la

Nou ankouraje paran yo suiv kont 'Twitter' lekòl ptit yo a e vizite sit entènèt lekòl la. Yo ka jwenn enfòmasyon pou kontakte lekòl la nan sit entènèt Distri a [School Directory](#) oubyen nan eskane kòd QR ki agoch la. Paran ta dwe vizite [Eduvision channel](#) Distri a tou nan eskane kòd QR ki adwat la.



Medya Sosyal yo

Anba a se sit medya sosyal yo ak sipò Distri a pral itilize pou bay paran ak kominote a an jeneral enfòmasyon ki ajou.



@MDCPS
@EscuelasMDCPS
@MiamiSUP



@MiamiSchools
@MiamiSup



@MiamiSchools
@AlbertoMCarvalho1



@MiamiSchools

Dat Enpòtan



Prensip ki Gide Reouvèti Lekòl yo

Plan reouvèti Distri sa a rezime pwotokòl enstriksyonèl ak operasyonèl pou tout aspè katriyèm pi gwo sistèm distri lekòl leta nan peyi a e li bati sou 5 prensip kle pou gide apwòch nou pou reouvèti lekòl yo. Pandan nou ap avanse pou pi devan nan efò reouvèti yo nou fè tout efò pou nou:

- Asire sekirite ak byennèt elèv e anplwaye.
- Bay gwo kalite enstriksyon pou elèv yo, kèlkeswa modèl enstriksyon an.
- Bay paran fleksibilite ak chwa nan modèl enstriksyonèl yo.
- Fè plis itilizasyon posib resous yo e maksimize revni.
- Kominike klèman e ak efikasite avèk tout moun ki enterese.

Sondaj Moun Ki Enterese yo

Plan Reouvèti Distri a se yon efò konplè ki jwenn enfòmasyon ak ide nan men diferan gwoup ak moun ki enterese. Pou asire moun ki enterese yo gen yon vwa nan estrateji reouvèti yo, Distri a te fè twa sondaj: sondaj paran, pwofesè, ak anplwaye lekòl.

Rezulta Sondaj Paran yo

Sondaj Reouvèti Lekòl Paran an te administre sou entènèt kòmanse 6 jiyè 2020 pou rive 15 jiyè 2020. Sondaj la te chèche kolekte opinyon paran ak elèv ki ale aktyèlman e ki gen plan pou ale nan M-DCPS nan nouvo ane lekòl la. Tout paran lekòl M-DCPS yo te envite pou ranpli sondaj la pou Distri a mezire entansyon yo pou retounen nan biling lekòl la pandan Etap II. Distri a te reseva **239,672 repons** nan men fanmi yo, avèk **49.6%** ki te endike yon preferans pou **Bilding Lekòl** la e **50.4%** pou **Lekòl Mwen sou Entènèt**. Yon fwa Lekòl Leta Miami-Dade County antre nan Etap II, tout elèv yo pral fè tranzisyon pou modalite enstriksyon paran yo te chwazi nan sondaj sa a.

Rezulta Sondaj Pwofesè yo

Nou te deplwaye Sondaj Reouvèti Lekòl Pwofesè yo jedi 4 jen 2020, e li te fèmen 10 jen. Sondaj la te chèche kapte pèsepsyón pwofesè yo sou COVID-19 e enpak pandemi an sou abilite yo pou retounen travay. Nou te mande pwofesè ide yo sou risk COVID-19 sou sante piblik e potansyalite pou anplwaye ak elèv retounen lekòl an sekrite. Sondaj la te ale jwenn **19,250 pwofesè avèk yon to repons 96.7%**.

An jeneral, pwofesè M-DCPS te santi reouvèti lekòl yo te mete moun nan yon nivo risk modere a wo pou yo atrape virus la. Plis pase **73%** moun ki te reponn lè sa a te endike yo pa te genyen **obstak pou yo retounen** travay swa fizikman oswa vityèlman, avèk **18%** ki te endike yo ta **gen obstak pou yo retounen** fizikman. Plis pase **97%** pwofesè yo te endike yo pa te gen obstak pou yo travay a distans, e lòt 3% te site enkyetid avèk konektivite oubyen yon mank metriz avèk platfòm kominikasyon an pou yo angaje avèk elèv.

Rezulta Sondaj Anplwaye nan Andwa Lekòl yo

Miami-Dade County konfwonte yon gwo ogmantasyon nan kantite ka COVID-19 yo atravè plizyè semèn ki sot pase yo. Konsa, e ansanm avèk deklarasyon entansyon pou preferans lekòl nou te mande fanmi yo ranpli a, Distri a te retounen e fè sondaj avèk tout pèsònèl lekòl yo pou detèmine nivo bezwen anplwaye lekòl yo. Katrevèn sèt (**87%**) tout anplwaye lekòl yo te endike yo ta vle retounen travay fizikman.

Etap Reouvèti Lekòl yo

Nou pral sèvi ak kritè done yo pou bay enfòmasyon sou tanzisyon modèl yo atravè twa etap sa yo:



Etap I, ki pral kòmanse ann out, pral gen ladan aktivasyon Lekòl Mwen sou Entènèt pou tout elèv. Jiska 30 septanm, M-DCPS pral kontinye revize opòtinite pou kòmanse ofri opòtinite fasafas pou elèv ki ka gen bezwen aprantisaj enpòtan. Distri a pral eksplore potansyèl pou yon reouvèti a plizyè etap pou elèv ki gen eka ki ap agrandi nan aprantisaj akoz kantite tan yo pa vin lekòl. Sa pral pèmèt tranzisyon sou gwoup elèv yo nan bilding lekòl la baze sou bezwen ak frajilite akademik.

Nan Estaj II, toude MSO ak Modèl Bilding Lekòl 5 jou pral aktive anmenmtan. Elèv pral ka patisce nan modèl enstriksyonèl fanmi yo te chwazi nan sondaj paran an. Anplis, atravè estrateji pou chanje gwo risk yo, mache atravè bilding yo ak replanifye espas lekòl yo, Distri a pral fè tout efò pou l kenbe popilasyon elèv ki redui a an sekirite pandan yo ap aprann nan bilding lekòl yo chak jou nan semèn nan, ki ap pèmèt fanmi ki ap travay yo retounen nan travay yo konplètman.

Nan Etap III, tout elèv pral retounen nan Modèl Bilding Lekòl la e MSO vin ap yon opsyon chwa pou fanmi sa yo ki pito piti yo rete nan modèl la pou fen ane lekòl la.

Kalandriye Ouvèti Lekòl la

Youn nan wòl ki pi enpòtan nan yon sistèm lekòl se pou bay elèv ak fanmi yo yon sans estrikti pou ede yo pandan tan ensètid sa a. Pou bay fanmi yo yon sans stabilite, woutin, ak otan posib yon seri kondisyon nòmal pou ansèyman ak aprantisaj, Distri a pral kòmanse travay pou prepare yon ane 2020-2021 lekòl ki gen siksè pandan aktivite **Semèn Byenveni** 24 out la. Aktivite ki planife pou semèn sa a pral pèmèt elèv ak fanmi yo jwenn yon kantite opòtinite pou familyarize yo avèk zouti yo pral bezwen pou angaje yo nan aprantisaj e pou oryante yo nan anviwònman MSO la. Anplis opòtinite aprantisaj pou fanmi, pandan semèn sa a, M-DCPS pral prezante pwogram pou pwofesè yo asire tout moun konplètman prepare pou yo gen siksè nan yon anviwònman dijital la pandan ane lekòl la kòmanse. Epi lendi 31 out lekòl pral kòmanse pou elèv atravè Miami-Dade nan itilize Lekòl Mwen sou Entènèt. Nan jou sa a, elèv yo pral kòmanse klas atravè modalite sa a e Distri a pral kòmanse premye peryòd nòt ane lekòl 2020-2021 an e li pral kontinye jiska 30 septanm.

Nou kwè modèl enstriksyon biling lekòl la se sa ki pi pwopis pou ansèyman ak aprantisaj ki efikas, byenke biling ak pwofesè nou yo prepare pou ouvè; sepandan, baze sou tout endikatè syantifik yo li pa pridan pou retounen nan biling lekòl yo an pèsòn nan moman sa a. Menmlè Distri a prepare, nou pral retade deplwaman modèl biling lekòl la jiskaske kondisyon nan kominate nou an amelyore. Lè lekòl kòmanse le 31, elèv yo pral angaje yo nan aprantisaj a distans atravè Lekòl Mwen sou Entènètjis nan fen septanm.

Distri a pral kontinye kowòdine avèk ekspè sante publik, Depatman Edikasyon Florid ak lòt moun pou siveye deprè kondisyon lokal yo. Nan jou 30 septanm oubyen avan, Distri a antisipe anonsé si li posib, tranzisyon pou etap II, ki, si posib, pral kòmanse lendi 5 oktòb. Nan ka sa a, elèv sa yo ki te chwazi enstriksyon biling lekòl 5 jou pa semèn nan pral fè tranzisyon nan lokasyon lekòl yo asiyen yo a e sa yo ki te chwazi MSO pral kontinye san entèripsyón. M-DCPS pral kontinye siveye kondisyon transmisyon yo alasuit e li pral fè ajisteman jan li ka nesesè pou asire sante ak sekirite elèv ak anplwaye yo.

AUG 24					
M	T	W	T	F	S
27	28	29	30	31	
3	4	5	6	7	
10	11	12	13	14	
17	18	19	20	21	
24	25	26	27	28	
31	1	2	3	4	

Semèn 24 out

- ✓ Oryantasyon Fanmi Elèv yo pou Lekòl Mwen sou Entènèt – Semèn Akèy
- ✓ Fòmasyon Pwofesè pou Lekòl Mwen sou Entènèt
- ✓ **28 out:** Jounen Planifikasyon pou Pwofesè

AUG 31					
M	T	W	T	F	S
27	28	29	30	31	
3	4	5	6	7	
10	11	12	13	14	
17	18	19	20	21	
24	25	26	27	28	
31	1	2	3	4	

Premye Jou Lekòl

- ✓ Elèv yo ap kòmanse klas sou Lekòl Mwen sou Entènèt
- ✓ Premye peryòd nòt kòmanse

SEP 30					
M	T	W	T	F	S
31	1	2	3	4	
7	8	9	10	11	
14	15	16	17	18	
21	22	23	24	25	
28	29	30	1	2	
5	6	7	8	9	

30 septanm

- ✓ Re-evalyasyon lokal pou kondisyon COVID-19 yo
- ✓ **28 septanm:** Jounen Planifikasiyon Pwofesè
- ✓ **5 oktòb:** Jou nou vize pou chanje pou Biling Lekòl (baze sou kondisyon lokal yo)

Kalandriye Lekòl 2020-2021

Anba a se kalandriye lekòl 2020-2021 an ki revize pou lekòl elemantè ak segondè. Nou ajiste dat sa yo pou montre reta nan ouvèti lekòl akoz COVID-19. Nou ka jwenn lòt kalandriye distri a (egzanp, Kalandriye Egzamen, Edikasyon Adilt/Vokasyonèl, Edikasyon Jistis Jivenil) sou <http://www.dadeschools.net/> oubyen nou ka jwenn yo nan ale nan kòd QR yo.



MIAMI-DADE COUNTY PUBLIC SCHOOLS
2020-2021 SCHOOL CALENDAR
ELEMENTARY AND SECONDARY

Edikasyon
Adilt/Vokasyonèl



July 2020					
M	T	W	T	F	S
		1	2	3	
6	7	8	9	10	
13	14	15	16	17	
20	21	22	23	24	
27	28	29	30	31	

August 2020					
M	T	W	T	F	S
3	4	5	6	7	
10	11	12	13	14	
°17	°18	19	20	21	
24	25	26	27	28	
31					

September 2020					
M	T	W	T	F	S
		1	2	3	4
8	9	10	11	12	13
14	15	16	17	18	
21	22	23	24	25	
28	29	30			

October 2020					
M	T	W	T	F	S
		1	2		
5	6	7	8	9	
12	13	14	15	16	
19	20	21	22	23	
26	27	28	29	30	

November 2020					
M	T	W	T	F	S
2	(3)	4	5	6	
9	10	11	12	13	
16	17	18	19	20	
23	24	25	26	27	
30					

December 2020					
M	T	W	T	F	S
		1	2	3	4
7	8	9	10	11	
14	15	16	17	18	
21	22	23	24	25	
28	29	30	31		

January 2021					
M	T	W	T	F	S
			1		
4	5	6	7	8	
11	12	13	14	15	
18	19	20	21	22	
25	26	27	28	29	

February 2021					
M	T	W	T	F	S
1	2	3	4	5	
8	9	10	11	12	
15	16	17	18	19	
22	23	24	25	26	

March 2021					
M	T	W	T	F	S
1	2	3	4	5	
8	9	10	11	12	
15	16	17	18	19	
22	23	24	25	26	
29	30	31			

April 2021					
M	T	W	T	F	S
		1	2	3	
5	6	7	8	9	
12	13	14	15	16	
19	20	21	22	23	
26	27	28	29	30	

May 2021					
M	T	W	T	F	S
3	4	5	6	7	
10	11	12	13	14	
17	18	19	20	21	
24	25	26	27	28*	
31					

June 2021					
M	T	W	T	F	S
		1	2	3	4
7	8	9	10	11	
°14	15	16	17	18	
21	22	23	24	25	
28	29	30			

	New Teachers Report
	Teacher Planning Day
	Teacher Planning Day - (No Opt)
	District-wide Professional Development Day
	Floating Teacher Planning Day (No Opt)

	Recess Day
	Beg/End of Grading Period
	Legal Holiday
	Available to opt
	Teacher Planning Day available to opt

Days in Grading Period	
1- 37	
2- 49	
3- 43	
4- 46	

For information on employee opt days, please refer to back of calendar.

Kakandriye
Egzamen



Kalandriye
Prensipal



Kritè pou Retounen nan Enstriksyon Fasafas

Anplis pou nou konsilte avèk Depatman Edikasyon Florid, Depatman Sante Florid, ofisyèl sante lokal, ak lòt moun, M-DCPS pral siveye uit endikatè, oubyen kritè done, pou enfòme desizyon li konsènan yon retou nan biling lekòl la. Kritè yo te devlope an konsiltasyon avèk Miami-Dade County e ide komite travay sante publik ak ekip travay ekspè medikal yo gen ladan:

- ✓ Yon to pozitivite estab a mwenske 10%, ki gen tandans ale a 5% pou 14 jou, avèk yon bi pozitivite pou 3%.
- ✓ Yon rediksyon estab nan kantite moun ki ospitalize avèk COVID-19 oubyen sentòm gwo grip pou 14 jou.
- ✓ Yon rediksyon estab nan itilizasyon kabann 'ICU' akoz COVID-19 pou 14 jou.
- ✓ Yon rediksyon kontinyèl nan direksyon ki ap diminye nan fado viris la pote (total kantite moun ki pozitif ak viris la) nan kominote a pou 14 jou.
- ✓ Yon ogmantasyon nan disponibilite egzamen espesifik pou viris COVID-19 avèk rediksyon nan longè atant pou resevwa yon egzamen.
- ✓ Yon rediksyon nan tan repons pou rezulta egzamen yo a mwenske 48 èdtan datant.
- ✓ Yon ogmantasyon nan kantite ak kalite suivi kontak ki bay moun k ap pran desizyon yo done rapid e nesesè.
- ✓ Yon ogmantasyon nan vaksinasyon jeneral pou timoun laj lekòl ki satisfè bi iminitè foul nan kominote nou an.



**Retou
Lekòl**



Lekòl Mwen Sou Entènèt

(Aprantisaj a Distans)

SEKSYON

01

Lekòl Mwen sou Entènèt (Aprantisaj a Distans)

Kòmanse 31 out jiska 2 oktòb, tout elèv prale lekòl a distans atravè Lekòl Mwen sou Entènèt. Tranzisyon pou aprantisaj nan Bilding Lekòl depann sou amelyorasyon kondisyon (Etap II) yo.

“What is My School Online?” (Kisa Lekòl Mwen sou Entènèt ye?)



“My School Online (MSO)” (Lekòl Mwen sou Entènèt) se opsyon aprantisaj a distans “Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)” (Lekòl Leta Miami-Dade County) pou elèv sa yo ki nan K12 ane eskolè ki vle kontinye edikasyon yo aplentan atravè anviwònman aprantisaj inovatif men ki vle kenbe kondisyon anwolman yo nan bilding lekòl yo. Yo pral dokimante prezans elèv MSO yo lè yo ap patisce nan klas sou entènèt pandan lè lekòl regilye yo e yo ap suiv yon orè lekòl estanda. Pwofesè MSO yo pral rankontre chak jou avèk elèv yo nan itilize teknoloji konferans sou entènèt. MSO bay elèv yo opòtinite tou pou enstriksyon an gwo gwooup ak an ti gwoup, aprantisaj pèsonalize ak sèvis sipò, tankou oryantasyon ak konsèy sou sante mantal, entèvansyon, ak terapi lè li nesesè.


Segman Jounen Elèv la

Pwofesè yo pral gen kontwòl lojisyèl avèk tout klas la, yon ti gwoup elèv, oubyen elèv endividiyèl atravè video konferans. Pandan lesón yo, pwofesè yo ka reponn kesyon elèv yo e ofri yo sipò tousuit ak siveye pwogrè yo. Pandan elèv yo konekte, yo ka jwenn aksè a lesón yo, fè entèraksyon avèk kamarad yo, e fè travay e/oubyen pwojè an gwoup. Anplis, pwofesè yo pral ka ofri elèv ak paran yo konferans pandan peryòd planifikasyon yo, avan e apre lekòl lè li apwopriye.



AKONPAYMAN PARAN

Paran an asire patisipasyon elèv la ak siveye pwogrè elèv la e kontakte pwofesè a avèk kèlkeswa enkyetid li genyen.




ENTÈRAKSYON PWOFESÈ

Pwofesè M-DCPS yo bay atansyon ak sipò pèsonalize pou kourikoulòm estandardize.



APRANTISAJ PRATIK

Lesón ki gen rapò ak kourikoulòm debaz pral pèmèt elèv yo eksplore fason kreyatif pou anrichi aprantisaj yo atravè aktivite pratik.



APRANTISAJ KONTINYÈL

Apre yo fin fè devwa yo, elèv yo ap lib pou chèche jwenn aksè sou resous adisyonèl e eksplore kontni ki disponib sou entènèt.¹⁵

Orè Jounen Lekòl la

Nan MSO, orè jounen elèv la pral menmjan ak pa kamarad yo nan Bilding Lekòl yo. Elèv yo pral suiv orè klas ak salkas yo. Ap gen anons maten yo pandan premye 15 minit jounen an. Nou pral dokimante e kenbe prezans pou chak klas. Pou lekòl elemantè ak mwayen, lè kòmanse ak lè fini yo se menm bagay nan toude etap yo. Nan lekòl segondè yo, sepandan, elèv nan 9èm-12èm ane eskolè gen opòtinite pou kòmanse jounen lekòl yo pita – a 8:30 dimaten – pandan yo nan etap I paske yo tout pral patisipe nan MSO. Lè nou fè tranzisyon pou Etap II, tout elèv lekòl segondè pral chanje pou yo kòmanse a 7: 20 dimaten.

Lekòl Elemantè ak Sant K-8 Etap I ak Etap II	Pre-K, K, 1ye ane eskolè 2èm-5èm ane eskolè	8:35 dimaten – 2:05 nan aprèmidi 8:35 dimaten – 3:05 nan aprèmidi
Le mèkredi, tout Elèv nan Lekòl Elemantè ak Sant K-8 ap lage a 2:05 nan aprèmidi		
Lekòl Mwayen Etap I ak Etap II	6èm-8èm ane eskolè	9:10 dimaten – 3:50 nan aprèmidi
Lekòl Segondè Etap I	9èm-12èm ane eskolè	8:30 dimaten – 3:30 nan aprèmidi
Lekòl Segondè Etap II	9èm-12èm ane eskolè	7:20 dimaten – 2:20 nan aprèmidi
* Yo ka lage lekòl yo chwazi nan yon lè ki pi ta. Elèv yo asiyen nan lekòl sa yo ap gen lè sa yo ki parèt nan orè endividyèl yo.		

Orè Elèv yo

Nou pral poste orè kou elèv yo sou Pòtal Paran ak Elèv yo e Aplikasyon Mobil Distri a. Elèv yo ka konekte sou Pòtal Elèv la oubyen aplikasyon mobil pou jwenn aksè a orè yo, e paran yo ka jwenn aksè a orè pitit yo atravè Pòtal Paran an oubyen aplikasyon mobil la lè yo konekte nan itilize 'PIN' yo asiyen yo a. Paran ki pa gen yon pin, ta dwe kontakte lekòl katye pitit yo/lekòl pitit yo enskri a pou yo resevwa yon pin. Puiske tablo avan an bay orè yon jou regilye, chak lekòl endividyèl pral detèmine orè espesifik elèv, ki gen ladan aranjman aktivite yo tankou enstriksyon nan matyè yo, tan pou repoze sèvo, ak tan pou repa midi. Paran yo ta dwe kontakte lekòl katye pitit yo/lekòl pitit yo enskri a pou enfòmasyon adisyonèl konsènan orè lekòl pitit yo. Pou enfòmasyon sou kontak lekòl, vizite Lis Kontak Lekòl Distri a nan <http://www.dadeschools.net/schools/schoolinformation/> oubyen eskane kòd 'QR' ki anwo a.



Yon Jounen nan Lavi Elèv MSO yo

Pandan dewoulman yon jounen regilye nan Lekòl Mwen sou Entènèt, elèv yo pral patisipe nan video konferans avèk pwofesè yo, kolaborasyon avèk kamarad yo, travay endepandan, kou espesyal oubyen elektif ak byensi, repa midi, rekreyasyon, ak repo pou sèvo. Klike sou lyen ki anba a oubyen eskane kòd 'QR' yo pou gade video kout ki montre yon jounen nòmal pou elèv ki enskri nan Lekòl Mwen sou Entènèt.

Yon Jounen nan Lavi a – Pano
Kontwòl
<https://eduvision.tv/l?OtmmgD>



Yon Jounen nan Lavi a – Orè
<https://eduvision.tv/l?Otmmgg>



Prezans nan Lekòl Mwen sou Entènèt

Nan toude, anviwònman fasafas oubyen aprantisaj sou Entènèt, pa gen pwobableman okenn faktè ki pi enpòtan pou pwogrè yon elèv nan lekòl pase prezans ki regilye e ponkyèl. Lekòl Mwen sou Entènèt pral suiv pwotokòl ak pwosedi prezans Distri a etabli jan nou defini li nan Règ Komisyon Konsèy Lekòl, 5200 – Prezans. Paran ak elèv yo responsab pou prezans ki ap obligatwa pandan jounen an ak lè lekòl la an sesyon.

Pandan yo enskri nan Lekòl Mwen sou Entènèt, nou atann pou elèv:



- konekte nan sesyon yo andirèk avèk pwofesè yo chak jou e tout jou lekòl yo.
- ale nan klas entènèt yo jan li pwograme.
- prepare yo pou kòmanse klas entènèt yo alè.
- demontre konpòtman sitwayen dijital apwopriye pandan yo sou entènèt.

* Nou ankouraje elèv yo mete inifòm lekòl yo si yo aktyèlman enskri nan lekòl yo te ye ane pase a.

Fè Apèl nan Lekòl Mwen sou Entènèt

Prezans Lekòl/Reta

Nou pral fè apèl jounalye **chak jou lekòl ki pwogram** pandan premye klas elèv la nan jounen an. Elèv yo dwe konte nan apèl la sèlman si yo ale nan klas entènèt yo oubyen si yo angaje nan yon aktivite edikasyonèl lekòl la apwouve ki konstitiye yon pati pwogram enstriksyonèl la pou elèv la. Nou ap konsidere yon elèv an reta si li pa preznan moman apèl la pou premye klas yo asiyen li a. Si yon elèv pa preznan lè yo te fè apèl la men li preznan pita nan jounen lekòl la pou yon lòt klas yo asiyen li, yo dwe konsidere elèv sa a preznan, men li anreta lekòl, e yo dwe chanje absans li a.

Prezans nan Klas

Nou ap konte elèv la preznan si li konekte nan sesyon andirèk avèk pwofesè li yo. Nan lekòl elemantè, elèv yo pral konekte nan sesyon andirèk pwofesè a nan kòmansman jounen lekòl la, elèv nan lekòl segondè yo pral konekte nan sesyon andirèk pwofesè yo nan kòmansman chak peryòd/blòk klas. Nan toude ka yo, elèv yo dwe “enable” (aktive) fonksyon kamera a sou òdinatè yo pou pwofesè yo ka idantifye yo. Elèv ki konekte pou yo fè devwa jounalye yo men pa konekte sou sesyon andirèk la avèk pwofesè yo ka fè yo make yo absan.



Reta nan Klas

Elèv yo dwe konekte sou sesyon andirèk pwofesè yo nan lè lekòl yo detèmine. Elèv ki pa konekte nan sesyon andirèk avèk pwofesè yo nan lè yo te detèmine alavans la, yo ka make yo anreta. Yo konsidere yon elèv anreta nan klas si elèv la pa preznan moman yo fè apèl la.

Absans nan Klas ki Eskize/Pa Eskize

Lekòl Mwen sou Entènèt pral suiv règ prezans Distri a etabli konsènan absans eskize nan klas jan yo defini li nan Règ Komisyón Konsèy Lekòl, 5200 – Prezans. Si yon elèv eskize paske li absan, li pa satisfè kritè ki etabli nan kritè règ prezans komisyón konsèy lekòl la, oubyen si paran yo pa rapòte e eksplike absans la (yo) alè, yo pral konsidere absans li pa eskize.

Paran yo ap rapòte absans la nan lekòl katye elèv la/lekòl elèv la enskri pa pita pase **senk jou** de dat absans la. Pou rapòte yon absans pandan tan yon elèv enskri nan Lekòl Mwen sou Entènèt, paran yo dwe soumèt yon deklarasyon sou rezon absans sa a atravè yon imèl dirèkteman nan lekòl la. Distri a devlope yon adrès imèl espesifik pou chak biwo prezans lekòl. Paran yo ta dwe soumèt dokimantasyon (yon nòt paran) nan fòm yon imèl ki detaye rezon pou absans ptit yo pou yon jounen oubyen yon sesyon klas (anka se yon elèv lekòl

segondè). Adrès imèl prezans la pral gen kòd lokasyon lekòl la ki suiv ak attendance@dadeschools.net. Pa egzanp, adres imèl pou yon lekòl avèk kòd lokasyon 4071 ap sa ki ap suiv la: 4071attendance@dadeschools.net. Si ou pa konnen kòd lokasyon lekòl ptit ou a, ou ka jwenn li nan chèche lis enfòmasyon nan lyen nou bay anba a. Paran ki vle soumèt dokimantasyon pou absans ki eskize bay biwo prezans lekòl la an pèsòn ka fè sa nan espas senk jou de dat absans la. Pa rapòte e eksplike absans la (yo) ap lako absans la (yo) pa eskize. Direktè (tris) lekòl katye elèv la/lekòl elèv la enskri a ap dènye otorite pou detèmine rezon ki akseptab pou absans la (yo).

Pou enfòmasyon sou kontak ak kòd lokasyon lekòl la vizite Lis Kontak Distri Lekòl la nan <http://www.dadeschools.net/schools/schoolinformation/> oubyen eskane kòd 'QR' ki adwat la.

Pwogram Aprantisaj Aplike

"Career & Technical Education (CTE)" (Edikasyon Karyè ak Teknik)

Pou ofri elèv yo plis eksperyans pratik posib, kou MSO CTE pral itilize menm kourikoulòm sou entènèt la, kontni kou, imitasyon reyalite vityèl, evalyasyon 'e-learning' pou prepare pou Sètifikasyon Endistri, ak 'e-portfolios' ki sou menm liy ak pwogram espesifik la. Kou sa yo ka fèt atravè 'Microsoft Teams', selon kou a.

Elèv CTE ki nan MSO pral gen opòtinite tou pou patisipe nan aprantisaj ki baze sou travay, Òganizasyon "On the Job Training" (Fòmasyon Pandan Travay), ak "Career Technical Student" (Elèv Karyè Teknik). Angajman patnè biznis ak komunitè M-DCPS yo pral kontinye asire pwogram etid yo sou menm liy avèk bezwen mandèv la puiske patenarya sa yo rete fondasyon pwogram CTE ki sou menm liy ak makèt la ki enpòtan pou kenbe kalite pwogram yo. Elèv yo pral ka patisipe nan pwomnad vityèl, Prezantatè vityèl, ak opòtinite pou fè estaj obsèvasyon. Yon fwa nou nan Etap II, Distri a pral kòmanse ofri elèv MSO yo opòtinite pou vini nan Bilding Lekòl la pou chwazi eksperyans (pwomnad ranvèse).

MWENS BEZWEN

BEZWEN POU ENSTRIKSYON/DEMONSTRASYON DIRÈK

- Kou Eksplorasyon Karyè pou Lekòl Mwayen
- Biznis, Finans, Maketing
- Edikasyon ak Fòmasyon
- Syans Fanmi ak Konsomatè
- Ospitalite ak Touris
- Enfòmatik
- Sèvis Piblik, Jistis Kriminèl

PLIS BEZWEN

- Sèvis Syans Agrikòl ak Veterinè
- Teknoloji Otomobil
- Devlope Kòmès ak Konstriksyon
- Ar Kilinè
- Edikasyon Timoun Anbazaj
- Jeni
- Kòmès ak Lojistik Global
- Syans Sante (Enfilmè, Dantè, 'EMR', eks.)
- Pwodiksyon Televizyon

✓ Aprantisaj ki baze sou travay, fòmasyon nan travay, aktivite òganizasyon Elèv Karyè Teknik pral fèt jan machasuiv distri a ak gouvèman an pèmèt li

✓ Elèv ap responsab pou bay pwòp transpò yo pou lokasyon ki pa nan andwa yo

Ladrès Lavi/'STE(A)M', Ar Vizyèl ak Pèfòmans

Pwogram Ladrès Lavi yo gen ladan Edikasyon Fizik, Edikasyon Sante, Edikasyon Chofè, ak 'JROTC'. Tout kou sa yo pral disponib pou elèv nan toude, modèl Bilding Lekòl ak nan Lekòl Mwen sou Entènèt.

- Lekòl Elementè yo pral pwograme kou "Espesyal" kòm pati orè elèv la.
- Lekòl segondè yo pral kontinye ofri kou sa yo kòm kou elektif pou elèv.
- Kourikoulòm nan pral fèt pou travay nan toude, modèl enstriksyonèl avèk kou travay ak opòtinite pou pratike ki pa sou entènèt nan itilize Microsoft Teams.
- Nou pral kontinye ofri konpetisyon lokal ak eta pou tout elèv.



Yon fwa nou antre nan Etap II, M-DCPS pral asire tout sekirite ak pwotokòl sante yo anplas. Distri a devlope Machasuiv Sekirite ak Sante pou ansèyman ak aprantisaj, e machasuiv sa yo pral aplike rekòmandasyon ki disponib nan "Centers for Disease Control and Prevention (CDC)" (Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi), "Florida's Recovery Plan" (Plan Retablisman Florid), "Florida Department of Education Reopening Plan" (Plan Reouvèti Edikasyon Depatman Florid), ak asosyasyon sijè pwofesyonèl nasyonal/plizyè eta). Nou pral aplike machasuiv sa yo nan salklas jeneral ak salklas pou pwogram espesyal sa yo:

- Edikasyon Karyè Teknik
- Edikasyon Fizik ak Sante
- Laboratwa Syans
- Pwogram Deziyasyon Lekòl 'STE(A)M'
- Ar Vizyèl ak Pèfòmans
- Edikasyon Elèv Eksepsyonèl

Akademik Avanse

Edikasyon Don

Pwogram Edikasyon Avanse pral disponib pou elèv nan toude, Modèl Bilding Lekòl fasafas ak "My School Online (MSO)" (Lekòl Mwen sou Entènèt). Elèv nan pwogram don an pral kontinye resevwa sèvis yo baze sou "Educational Plan (EP)" (Plan Edikasyonèl), elèv don ki gen eksepsyonalite doubl oubyen miltip (egzanp, Don ak 'ASD', Don ak 'LD', Don ak Andikap nan Langaj) pral kontinye resevwa sèvis yo baze sou "Individualized Educational Plan (IEP)" (Plan Edikasyonèl Endividiyèl). Yon pwofesè ka anseye kourikoulòm nan a distans nan MSO oubyen nan Bilding Lekòl la lè tranzisyon nan Etap II Reouvèti a. Tout kou MSO yo ajistab pou akselere aprantisaj elèv ansanm ak ofri diferan enstriksyon pou tout elèv.

AP/IB/AICE

Plasman Avanse – Bakaloreya Entènasyonal – Sètifikasi Edikasyon Entènasyonal Avanse ‘Cambridge’

Elèv ki enskri nan plasman avanse, IB, oubyen Cambridge pral kontinye patisipe nan pwogram sa yo pandan nouvo ane lekòl la. Pandan Etap I Reouvèti a, elèv ki te enskri nan kou AP, IB, ak AICE pral resevwa enstriksyon a distans nan men pwofesè yo apre orè lekòl estanda yo. Pwofesè ekspè Distri a nan pwogram sa yo te devlope kontni kou yo nan itilize ‘Microsoft Teams’ kòm platfòm enstriksyon an. Ekspè sa yo itilize resous ki disponib atravè ‘College Board’, ‘IB’, ak ‘Cambridge International’. Nou ka ofri kou sa yo vityèlman oubyen fasafas pou elèv ki fè tranzisyon pou andwa lekòl yo a pandan Etap II. Yo pa notifye Distri a si yo pral administre egzamen AP, IB, oubyen AICE – ki fèt ta nan prentan an – nan lekòl, lakay, oubyen lòt opsyon. Yon fwa enfòmasyon an vin disponib, nou ap notifye elèv ak paran yo.

Anwolman Doub

Plizyè elèv M-DCPS pran kou “Dual Enrollment (DE)” nan nivo kolèj oubyen inivèsite, e elèv sa yo ki enskri nan you kou DE nan kanpous lekòl segondè a pral resevwa enstriksyon a distans nan men pwofesè DE li a apre orè lekòl estanda a. Pwofesè DE pral itilize platfòm dijital la ak kontni kou kolèj oubyen inivèsite ki ap bay diplòm/sètifikasi a. Kèlkeswa platfòm nan, nou ka anseye kourikoulòm nan vityèlman oubyen fasafas pou elèv ki fè tranzisyon pou andwa lekòl pandan Etap II a. Elèv ki patisipe nan DE nan kanpous kolèj/inivèsite pral suiv orè ak machasuiv enstitisyon an anseye. Pa egzanp, ‘Florida International University’ itilize ‘Canvas’ kòm platfòm li pandan ‘Miami Dade College’ itilize ‘Blackboard Learn’. Kèlkeswa platfòm nan, nou ka anseye kourikoulòm nan vityèlman oubyen fasafas pou elèv ki fè tranzisyon nan andwa lekòl yo pandan Etap II.

Demand Gradyasyon / Chemen pou Diplòm

Pou elèv ki enskri nan “My School Online (MSO)” (Lekòl Mwen sou Entènèt) tout demand pou gradyasyon pral kontinye disponib ansanm ak chemen pou diferan opsyon diplòm. Moun ka jwenn diferan chemen pou diplòm Distri a nan <http://diplomapathways.dadeschools.net/#/> oubyen nan eskane kòd ‘QR’ la.



Pwogram pou Timoun Anbazaj

Nou kontan akeyi elèv M-DCPS ki pi piti ak fanmi yo nan salklas matènèl nou yo, tankou ‘VPK’, ‘Head Start’, ak “Pre-K ESE” (Klas Matènèl pou Elèv Edikasyon Espesyal). Anba a n ap jwenn kèk gran liy sou sa nou ka atann de elèv nan salklas matènèl yo pandan Etap I “My School Online (MSO)” (Lekòl Mwen sou Entènèt).

- MSO pou elèv Klas Matènèl pral sou menm liy avèk platfòm nou itilize nan K-12 pou ofri fanmi yo konsistans ak aksè.
- Elèv klas Matènèl yo pral rankontre avèk pwofesè yo e fè entèraksyon avèk yo chak jou pou enstriksyon andirèk ki baze sou estanda ak aprantisaj e sipò sosyal/emosyonèl.
- Fanmi yo pral resevwa yon orè nou rekòmande avèk sesyon maten e aprèmidi pou yo suiv pandan tout jounen lekòl la pou ede gide sou entènèt, lè yo pa sou entènèt ak aprantisaj pratik nan kay la. (8:35 dimaten- 2:05 nan aprèmidi)
- MSO nan klas matènèl ap bay yon varyete estrateji ansèyman melanje ki gen ladan enstriksyon pwofesè yo dirije, ak toude, teknoloji dijital ak adaptif ak eksperyans kolaboratif pou kaptire kiryozite jèn elèv nou yo.
- Nou ap etabli e mentni opòtinite koneksyon lakay-lekòl pou konferans MSO ant pwofesè ak paran yo e kontwole pwogrè elèv yo.
- Nou ap bay fanmi elèv klas matènèl yo divès kalite opòtinite angajman ak aksè sou modèl video pou fè aktivite chak jou yo tounen eksperyans aprantisaj ki ankouraje antouzyas pou lekòl.
- Fanmi Head Start/Early Head Start yo ap kontinye resevwa sipò nan men ekip HS/EHS nou an ki gen ladan anplwaye sante, nitrisyonis, konsiltan sante mantal, ak sipò pou fanmi. Pwogram HS/EHS ofri yon orè pwolonje.

Modèl Orè Lekòl Mwen sou Entènèt pou Klas Matènèl	
8:35 Dimaten - 8:45 Dimaten	Woutin Endepandan nan Maten pou Ekriti
8:45 Dimaten – 9:55 Dimaten	Pwofesè ap Dirige Enstriksyon sou Preparasyon pou Lekti/Ekriti ak Preparasyon pou Matematik
9:55 Dimaten – 10:15 Dimaten	Aprantisaj Endividyalize sou Entènèt sou Preparasyon pou Lekti/Ekriti ak Preparasyon pou Matematik
10:15 Dimaten – 11:15 Dimaten	Aprantisaj Endepandan ak Jwèt Lakay (Egz. Blòk, ar, jwèt imajinè)
11:15 Dimaten – 11:35 Dimaten	Aprantisaj Endividyalize sou Entènèt sou Preparasyon pou Lekti/Ekriti/Preparasyon pou Matematik/Syans Sosyal/Syans
11:35 Dimaten – 12:05 nan Aprèmidi	Repa Midi
12:05 nan Aprèmidi – 12:35 nan Aprèmidi	Jwèt Aktif Endepandan (egz: danse, jwe anndan kay e deyò)
12:35 nan Aprèmidi – 12:55 nan Aprèmidi	Aprantisaj Endividyalize sou Entènèt sou Preparasyon pou Lekti/Ekriti ak Preparasyon pou Matematik
12:55 nan Aprèmidi – 1:05 nan Aprèmidi	Aktivite Kontwole avèk Sipò Fanmi an
1:05 nan Aprèmidi – 1:35 nan Aprèmidi	Pwofesè ap Dirige Enstriksyon sou Preparasyon pou Lekti
1:35 nan Aprèmidi – 2:05 nan Aprèmidi	Moman Endepandan (egz: moman trankil pou repoze, fè lekti)
* Lè yo ka varye pou pwogram ‘Head Start’ ak ‘Pre-K ESE’	

Ou Bezwèn Plis Enfòmasyon sou Pwogram pou Timoun Anbazaj?

Vizite sit entènèt ‘Department of Early Childhood Programs’ nan earlychildhood.dadeschools.net.

Suiv nou sou Twitter.



@MDCPS_OECP

Eskane kòd ‘QR’ ki anba a.



Sipò pou Popilasyon Espesyal yo

Elèv ki gen Andikap

Enstriksyon

Nou ap sèvi elèv ki gen andikap yo atravè MSO e nan “Schoolhouse” (Bilding Lekòl) la. Pandan Etap I an, enstriksyon pou elèv ki gen andikap yo ap gen ladan entèrakson andirèk avèk pwofesè yo atravè aprantisaj a distans. Nou ap ofri sipò endividyalize konsènan fason pou anseye IEP chak timoun atravè aprantisaj a distans, e enstriksyon yo ka gen ladan:

- Entèpretasyon Lang Siy
- Èd Teknolojik
- Asistans Parapwofesyonèl
- Developman Ladrès Preparasyon pou Travay
- Akomodasyon

Elèv ki gen andikap e ki sou kourikoulòm estanda a pral suiv modèl kourikoulòm MSO a. Elèv ki sou kourikoulòm modifye a pral aprann atravè pwen ACCESS yo, nan suiv Kat Aprantisaj espesifik nou kreye pou elèv sa yo. Yon modèl jounen nan lavi yon elèv ki sou kourikoulòm modifye ki ap itilize aprantisaj a distans la ka sanble tablo ki sou bò dwat la.

“My School Online (MSO)” (Lekòl Mwen sou Entènèt)	
30 min	Konekte e Kòmanse Jounen an!
90 min	Premye Blòk Enstriksyon
15 min	Ralanti sou Mouvman yo
90 min	Dezyèm Blòk Enstriksyon
30 min	Repa Midi
60 min	Twazyèm Blòk Enstriksyon
15 min	Ralanti sou Mouvman yo
60 min	Entèvansyon ak Pratik avèk Sipò Pwofesè/Para-pwofesyonèl

Sèvis Apwopriye

Nou ap pwograme sèvis apwopriye tankou terapi atikilasyon, terapi okipasyonèl, terapi fizik, swen sante nan lekòl, ak konsèy pou evite entèripsyon nan enstriksyon debaz yo. Nan Etap I, nou ap itilize platfòm terapi a distans pou bay sèvis ki apwopriye yo.

“Individualized Education Plans (IEPs)” (Plan Edikasyon Endividyalize)

Nou ap kontinye aplike plan anyèl la ansanm ak plan tanporè a a distans jan sa apwopriye. Nou ap devlope yon “Distance Learning Implementation Plan (DLIP)” (Plan Emplémentasyon Aprantisaj A Distans) pou tout elèv ki gen yon IEP pou ane lekòl 2020-2021 an. DLIP yo ap sou menm liy avèk ajanda IEP yo e nou ap voye yo bay tout paran pou yo ka gade. Si paran yo gen kesyon konsènan DLIP pitit yo, yo dwe kontakte lekòl pitit yo pou klarifikasiyon. Ekip IEP yo ap rankontre tou pou yo detèmine pwobablite pou gen pèt nan aprantisaj akoz femti lekòl yo.

Evalyasyon

Nou ap kontinye fè evalyasyon Sikolojik e edikasyonèl atravè platfòm “TeleHealth” (Swen Sante A Distans). Nou ap fè evalyasyon Sikolojik e edikasyonèl an pèsòn yon fason ki limite, jan sa apwopriye. Pou kesyon konsènan avansman evalyasyon pitit ou, silvouplè kontakte ESE@dadeschools.net.

An Preparasyon pou Ouvèti Lekòl la

Pandan “Week of Welcome” (WOW) (Semèn Byenveni) an 24-28 out 2020, Distri a pral ofri seminè sou entènèt pou adrese fason paran ka sipòte elèv yo ki nan ‘ESE’ e ki ap patisipe nan aprantisaj a distans tankou:

- Estrateji Lakay pou Aprantisaj a Distans
- Prepare Ptit Ou pou Retounen Lekòl atravè Aprantisaj a Distans
- Kenbe Ptit ou Motive pandan Aprantisaj a Distans

Tout sesyon yo ap disponib tou pou nenpòt lè w bezwen nan ESE.Dadeschools.net.

Ou Bezwen Plis Assistans?

Pou plis enfòmasyon oubyen asistans, eskane kòd ‘QR’ ki sou bò dwat la, voye yon imèl nan ESE@dadeschools.net, oubyen vizite ‘Department of Exceptional Student Education’ nan ESE.Dadeschools.net.



Moun ki Ap Aprann Lang Anglè

“English Language Learners (ELs)” (Moun ki Ap Aprann Lang Anglè) yo ap kontinye enskri nan kou apwopriye ESOL nan Jadendantfan jiska 12èm ane eskolè pou yo kontinye aprann ladrès lang ak kou espesifik ESOL ki disponib atravè ‘My School Online’ ansanm ak Modèl ‘Schoolhouse’ la.

Anplis, Distri a pral kontinye ofri sipò pou pwofesè ESOL yo, yon fason pou asire elèv ESOL yo kontinye devlope ladrès lang yo. Pami sipò pou pwofesè yo genyen:

- Itilize platfòm ‘ELLEVATION’ an ki gen ladan tablo afich ak rapò pou administratè yo ak moun k ap travay kòm lyezon pou konfòmite avèk ESOL pou yo ka kontinye suiv pwogrè elèv.
- Aksè nan bibliyotèk ‘InClass Strategies’ ak lesón siplemantè pou tout pwofesè ki ap anseye pwogram akademik yo avèk elèv nan salklas yo.
- Resous siplemantè ki sipòte ladrès koute, pale, li ak ekri ansanm ak devlopman lang.
- Aksè nan Bibliyotèk Prive ‘Nearpod’ pou tout pwofesè ak elèv ESOL ki gen ladan:
 - “iTutoring” (Leson Patikilye sou Entènèt) pou elèv 2èm-12èm ane eskolè, yon depo dijital pou lesón dijital siplemantè nan pwogram akademik debaz yo ansanm ak ACT e SAT, ‘iWorld ESOL’ pou 6èm-12èm ane eskolè, lesón dijital ki sou menm liy ak estanda eta yo ansanm ak ‘iWorld Haitian-Creole’ pou lesón jadendantfan-5èm ane eskolè, ki koresponn tou ak Estanda Florid yo.





Modèl Bilding Lekòl (*Lekòl Fasafas*)

SEKSYON

02

Modèl Bilding Lekòl (Lekòl Fasafas)



Modèl Bilding Lekòl la ap disponib yon fwa M-DCPS pase nan Etap II. Modèl sa a reprezante yon retou nan anviwònman lekòl tradisyonèl an pèson avèk anpil gwo chanjman ki santre sou amelyorasyon sante ak prekosyon sou sekirite. Tout chanjman yo fèt selon konsiderasyon règleman ki pi resan ki soti nan CDC yon fason pou diminye risk sante ak sekirite pou elèv ansanm ak anplwaye lekòl yo. Nan seksyon ki vin apre yo, nou pral detaye chanjman ou ka atann pou w wè lè ou retounen nan biling lekòl ou a.

Klike sou lyen ki anba a oubyen eskane kòd “QR” la pou w ka wè yon vidyeo tou kout sou eksperyans elèv nan Modèl Bilding Lekòl la.

Eksperyans Elèv – Modèl Bilding Lekòl
<https://eduvision.tv/l?OtmmLR>



Enstriksyon nan Salklas

Pandan elèv ap aprann fizikman nan yon salklas selon Modèl Bilding Lekòl la, gen chanjman ki fèt nan eksperyans tradisyonèl la pou diminye risk pou elèv pandan yo nan lekòl la. Pami chanjman sa yo ka genyen:

- Limite echanj fizik materyèl tankou ekipman laboratwa syantifik, liv ak lòt materyèl aprantisaj.
- Egzije elèv yo pou yo pote laptòp yo lekòl la pou redui echanj/pataj papye.
- Ranje biwo/fason nou dispoze chèz elèv yo pou pwomote distans sosyal.
- Limite kantite travay an gwoup anndan salklas la pou kenbe distans sosyal.
- Tout moun dwe kouvri vizaj yo lè yo nan salklas la.



Idantifikasyon Sentòm, Idantifikasyon Ka Pozitif, Retrase Kontak, e Evalye Fèmti Lekòl

Pou elèv ki chwazi Modèl Bilidng Lekòl la, nou atann pou paran yo tcheke tanperati ak sentòm pou ptit yo chak maten. Si yon elèv malad, li dwe rete lakay. Anplis, paran yo dwe tcheke sentòm abityèl COVID-19 yo. Pami sentòm nou ka jwenn lakay timoun genyen lafyèv, maltèt, gòj grate, tous, fatig, anvi vomi/vomisman, ak dyare. Si yon timoun gen yon lafyèv ki depase 100.4 degré (san medikaman pou redui lafyèv), paran an/moun k ap pran swen timoun nan dwe ret tann kenz (15) minit e tcheke tanperati a ankò pou konfime si li toujou wo. Si yon elèv malad, pa egzanp si l gen yon tanperati ki depase 100.4 degré, e li gen sentòm COVID-19 li dwe ret lakay, e paran li dwe kontake doktè li, yo dwe fè lekòl la konn sa imedyatman. Anplis, n ap mande nenpòt anplwaye ki gen kèk sentòm pou yo fè sipèvizè yo konn sa e rete lakay yo.



Nan ka kote yon elèv kòmanse prezante sentòm ki sanble ak sentòm COVID-19 nan moman lekòl ap fonksyone, chak lekòl dwe gen yon chanm izolman yo deziyen pou sa pou anpeche elèv sa a gen kontak avèk lòt elèv. Nou ap deziyen yon anplwaye pou rete avèk elèv la e kontwole sentòm li. Nou ap fè paran oubyen gadyen elèv la konn sa e n ap mande li pou l vin chèche elèv la pi vit posib. Nou ap dezenfekte chanm izolman an imedyatman chak fwa nou fin itilize li.

Nan ka kote yon elèv oubyen yon anplwaye teste pozitif pou COVID-19, oubyen yon lòt maladi kontajye an patikilye, lekòl la ap kòmanse yon envestigasyon sou kontak yo pou detèmine ki moun ki te ka an kontak avèk elèv sa a oubyen anplwaye a. Nou ap rapòte kalite ka sa yo bay Depatman Sante Florid nan Miami-Dade County. Nou ap detèmine kèlkeswa fèmti lekòl oubyen salklas an kolaborasyon avèk Depatman Sante Florid nan Miami-Dade County. Distri a ap suiv tou enstriksyon ki soti nan Depatman Sante Florid nan Miami-Dade County pou notifikasiyon ki soti nan lekòl oubyen nan kominate a yo jiye ki nesesè.

Si li nesesè pou nou fèmen yon lekòl, nou ap enpleamente pwotokòl netwayaj ak sanitasyon yo. Lekòl ak salklas yo ap reouvè apre nou fin evalye risk pou moun ekspose a maladi a. pandan lekòl oubyen salklas yo fèmen, elèv yo ap patisipe nan aprantisaj a distans.

Pwosedi pou Kouvri Vizaj ak Ijyèn

Selon dènye règleman CDC yo, M-DCPS pral envesti nan kesyon kouvri vizaj e nou pral etabli nouvo pwosedi ijyèn ki amelyore.

- Nou pral egzije pou tout moun kouvri vizaj yo lè yo nan otobis lekòl e pandan yo nan biling lekòl la.
- Nou ap enstale baryè pwoteksyon nan estasyon sekirite yo e nan biwo prensipal lekòl la.
- Ap gen estasyon pou dezenfekte men ki disponib nan zòn ki gen anpil moun ap sikile e nan otobis lekòl yo.
- Si yon elèv kite klas la pandan yon peryòd klas, elèv sa a dwe lave men li avan li antre nan salklas la.
- Nou ap fèmen fontèn dlo yo e nou ka mete disponib estasyon pou elèv plen boutèy dlo yo.
- Nou ap mete siyalizasyon kote pou moun wè yo nan alantou lekòl yo, yon fason pou raple nouvo pwosedi yo.



Kouvèti pou Vizaj

Fason Moun Dwe Kouvri Vizaj yo

Tout elèv nan lekòl la dwe mete yon mask oubyen kouvri vizaj yo pandan yo nan otobis lekòl yo oubyen anndan biling lekòl la. Mask ka ede anpeche moun ki gen COVID-19 pou yo kontamine lòt moun. Lè ou mete mask, sa ap ede w pwoteje moun ki bò kote w, tankou moun ki gen pi gwo risk pou devlope maladi grav akoz COVID-19. Mask ak kouvèti pou vizaj gen anpil chans pou redui kontaminasyon COVID-19 lè anpil moun mete yo nan espas publik e nan lekòl yo. Kontaminasyon COVID-19 la ka redui lè moun mete mask ansanm ak lòt [mezi prevansyon](#), tankou [distans sosyal](#), lave men souvan, ansanm ak netwaye e dezenfekte sifas moun touche souvan.

Lè w mete mask e ou kouvri vizaj ou yon fason ki kòrèk, sa enpòtan:

- Lave men ou avan ou mete mask
- Mete li sou nen ou ak bouch ou e sekirize l avèk manton ou
- Ajiste li kòrèkteman avèk bò figi ou
- Asire w ou ka respire fasilman
- Mete mask ki nan yon gwosè apwopriye pou kouvri nen ou ak bouch ou
- Mete yon mask nan espas publik lè w toupre moun ki pap viv nan menm kay avèk ou, espesyalman lè li ka difisil pou w kenbe yon distans sis pye.
- Mete yon mask kòrèkteman pou minimize risk pou pran COVID-19
- **Pa** mete mask la nan kou ou oubyen sou fwon ou
- **Pa** touche mask la, e, si w fè sa, lave men ou oubyen sèvi ak dezenfektan pou men pou w ka dezenfekte men ou

Diferan Kalite Kouvèti pou Vizaj


Pandan gen kèk mask ki pi efikas pase lòt, ofisyèl sante publik yo di nenpòt bagay ou itilize pou kouvri vizaj ou—menm yon foul—a—pi bon pase si w pa mete anyen. Gen kat (4) kategori pamí mask oubyen kouvèti vizaj ki pi populè yo: 1) mask an twal oubyen kouvèti ki tankou “neck gaters” (pwotèj twal nan kou) (gèt ki fèt pou anpeche yon moun ki enfekte gaye viris la lè I bloke gwo goutlèt yo; 2) mask chirijikal, ki pi sofistike, fèt tou pou anpeche moun ki mete I la gaye maladi a; 3) mask N95, ki premyèman pwoteje moun ki mete I la e li byen ajiste sou figi li; e 4) boukliye pou vizaj se plastik transparan ki bare vizaj e ki fèt pou pwoteje kont gout, goutlèt, pwojeksyon likid oubyen goutlèt ki sot nan kò moun men jeneralman yo pa itilize I poukont li.



Twal: Yon bon mask an twal byen filtre lè a e li konfòtab pou w respire ladan. Yon mask an twal dwe gen twa kouch: yon kouch sou anndan toupre bouch ou ki ka absòbe imidite, yon kouchnan nan mitan pou filtrasyon ak yon kouch sou deyò ki ekspoze ak anviwònman ki sou deyò a. Ou ka fasiman fè pwòp mask ou lakay ou avèk oubyen san machin a koud nan sèvi ak yon varyete twal, men li plis rekòmande pou nou itilize twa ki trese yon fason sere tankou koton.



Mask Chirijikal: Mask chirijikal se kouvèti ki jetab pwofesyonèl medikal mete jeneralman kòm “personal protective equipment (PPE)” (ekipman pou pwoteksyon pèsonèl). Souvan yo fèt ak yon kombinezon papye ak plastik, e jeneralman yo gen koulè ble klè. Mask chirijikal yo fèt pou pwoteje kont goutlèt ki soti nan gwo respirasyon men yo pa pwoteje kont ti goutlèt yo. Yo efikas pou ede pwoteje lòt moun ki alantou nou.



N95: Li pa fasil pou mete N95 yo kòrekteman. Yo byen sele sou vizaj ou pou asire tout lè a filtre olye li pase akote vizaj ou. Men yo ofri plis pwoteksyon pou moun ki mete yo a kont ‘coronavirus’, se sa ki fè Òganizasyon Mondyal Lasante rekòmande pou yo rezève mask sa yo pou travayè swen sante yo. Mask N95 yo filtre omwen 95% goutlèt ki tou piti yo lè w mete li kòrekteman. Sepandan, gen yon lòt kalite vèsyon ki gen yon vav plastik, ki fè li pi fasil pou souf ou soti atravè mask la, ki fèt pou moun ki ap travay nan yon anviwònman ki gen anpil pousyè, e pakonsekan ki pa ofri pwoteksyon pou moun ki alantou moun ki gen mask la. Se sa ki fè, nou pa rekòmande yo nan andwa lekòl yo.



Boukliye pou Vizaj: Boukliye pou vizaj yo se fèy plastik transparan ki pandye nan yon bando, ki kouvri vizaj ou soti anlè tèt ou desann nan manton ou. Moun ki kenbe yon distans sis pye e ki mete yon mask pa bezwen yon boukliye pou vizaj yo. Boukliye pou vizaj yo prensipalman ofri yon degre pwoteksyon amplis lè ou rete pre lòt moun pandan lontan. Sepandan, yo pa ofri menm pwoteksyon avèk yon mask paske yo pa gen yon baryè kont goutlèt respiratwa ki ka pase anba yo.

Distans Sosyal

Pou anpeche gwoupman moun nan koulwa oubyen anndan klas yo nou pral enplemante mezi sa yo:

- *Endikatè pou Direksyon nan Koulwa ak Eskalye yo:* Lè aranjman pou lekòl fizik la pèmèt nou fè sa, Koulwa ak Eskalye nan lekòl yo pral yon sèl direksyon. Sa pral fasilité sikilasyon apye lè elèv ak anplwaye ap deplase ant klas yo, pandan elèv ap antre e pandan y ap kite lekòl la.
- *Limite Kapasite Twalèt yo:* Nou pral limite twalèt yo a 2 moun alafwa.
- *Limite Kapasite Asansè yo:* Nou pral limite asansè yo a 2 moun alafwa.
- *Konfigirasyon Salklas yo:* Nou ap retire mobilye ki pa enpòtan nan salklas yo lè I posib pou ogmante distans ant biwo elèv yo.



Pwotokòl pou Netwayaj ak Sanitasyon



Nou ap netwaye tout lekòl yo chak jou nan fen chak jounen lekòl eksepte pou twalèt yo n ap netwaye regilyèman pandan tout jounen an. Pou ede nan netwayaj nap fè chak jou a, nou bay chak lekòl aparèy elektrik pou flite dezenfekstan, pou dezenfekte chanm yo ak koulwa yo. Anplis, n ap pwòpte e netwaye otobis lekòl yo apre chak vwayaj. Anplwaye yo ap itilize dezenfekstan yo sèvi nan lopital pou netwaye lekòl yo.

Vizitè

Tout vizitè ki vle antre nan yon lekòl dwe pran yon randevou alavans avèk responsab lekòl la. Lè vizitè yo rive, y ap mande yo tcheke nan sekirite ki devan chak lekòl, tcheke tanperati yo e fè yon depistaj pou sentòm. Pandan yo nan lekòl la, tout vizitè dwe kouvri vizaj yo e suiv tout pwotokòl ki etabli nan lekòl la tankou suiv endikatè pou direksyon nan koulwa yo, distans sosyal, e respekte limit kapasite twalèt ak asansè yo.



Pwotokòl pou Orè Dejne ak Repa Midi

Pwosedi espesifik pou repa midi ak dejne ap varye nan chak lekòl selon kapasite fizik espas kafetarya lekòl la. Pou pwomote distans sosyal, elèv yo ka manje nan kafetarya a, nan salklas e/oubyen lòt espas nou chwazi. Anplis, lekòl yo ka kontinye fè wotasyon ak gwoup elèv yo atravè divès peryòd tan pou repa midi.

Kèlkeswa kote elèv yo ap pran repa midi fizikman, n ap mete mezi sa yo anplas:

- Nou ap kenbe distans sosyal pandan repa yo.
- Si elèv pran repa andeyò salklas yo, n ap ba yo tan pou yo lave men yo avan yo retounen nan klas.
- Nou ap dezenfekte sifas kote tout moun manje yo, si yo itilize yo, apre chak wotasyon pou repa midi.
- Elèv yo ap swa eskane kat Idantifikasiyon yo oubyen itilize yon sistèm peman sou entènèt pou fè peman san yo pa gen kontak ak lòt moun.
- Pandan elèv yo ap manje yo ka retire kouvèti ki sou vizaj yo; sepandan, y ap oblige kouvrir vizaj yo pandan y ap deplase anndan lekòl la.

Pwotokòl pou Swen Avan e Apre Lekòl

Swen avan e apre lekòl ap disponib sèlman pandan Etap II ak Etap III pou elèv ki te chwazi Modèl Bilding Lekòl la. Pandan peryòd swen avan e apre lekòl yo, tout pwotokòl sekirite lekòl la dwe respekte, tankou mete kouvèti sou vizaj e obsève distans sosyal kote li posib. Anplis, nou ap asiyen elèv yo nan yon ti gwoup espesifik pandan moman sa yo. Pou enfòmasyon sou disponiblite swen avan e apre lekòl, kontakte lekòl ptit ou a.



Transpò nan Otobis Lekòl yo

Pandan Etap II a, pou elèv ki te chwazi modèl biling lekòl la Distri a ap ofri transpò pou elèv ki elijib yo. Pou minimize risk pou sekirite elèv ak adilt ki prale oubyen ap soti lekòl, distri a ap emplante divès pwotokòl.

2




Etap II A DISTANS/AN PÈSÒN

- Otobis yo ap gen kote pou elèv dezenfekte men yo.
- Nou ap mande pou elèv yo kouvri vizaj yo pandan yo nan transpò Distri a ofri e chofè otobis yo ansam ak èd yo ap gen sou yo ekipman pou pwoteksyon pèsònel (PPE).
- Ann akò avèk rekòmandasyon CDC yo, nou ap redui kapasite otobis yo a yon (1) elèv nan chak ranje.
- Nou ap enstale siyalizasyon nan otobis lekòl yo pou ankouraje pwotokòl distans fizik ak bonjan ijyèn.
- Sanitasyon otobis yo ap ogmante ant wout maten ak apremidi yo.



Enstriksyon ak Siyalizasyon

Ekspreryans biling lekòl la ap trè diferan de ane pase yo. Pou ede pwofesè, elèv ak vizitè navege nan biling lekòl la an sekirite, nou ap poste yon kantite nouvo siy atravè kanpous lekòl yo pou ede kenbe tout moun an sekirite.





Sèvis ak Sipò Total

SEKSYON
03

Sèvis ak Sipò Total

“Multi-Tiered System of Support (MTSS)” (Sistèm Sipò a Plizyè Nivo)

Pandan epòk ensètid sa a, Lekòl Leta Miami-Dade County detèmine pou l ofri tout elèv li non sèlman yon eksperyans akademik kalite siperyè men tou pou l sipòte sante sosyal emosyonèl e mantal yo. Lè sante mantal la pa bon, li reprezante yon baryè pou aprantisaj ak byennèt jeneral elèv la, e Distri a ap kontinye suiv yon Sistèm Sipò a Plizyè Nivo ki ofri sèvis sipò sou twa nivo pou asire tout elèv gen aksè ak pwogram e sèvis ki koresponn ak fòs e bezwen yo. Pandan aprantisaj a distans la, pwofesyonèl sante mantal ki base nan lekòl yo tankou konseye, travayè sosyal, sikològ, kowòdonatè sante mantal ak pwofesè pral itilize MTSS la pou ofri yon varyete sèvis ak pwogram total nan tout twa nivo yo.



Nivo 1: Pwogramasyon Atravè Lekòl yo pou Sipò Sosyal e Emosyonèl

Nou ofri pwogram aprantisaj sosyal e emosyonèl atravè lekòl yo kòm sipò kontinyèl tout elèv pou ankouraje byennèt sosyal e emosyonèl yo e pou kreye yon anviwònman lekòl ki konekte. Pwogram sa yo ankouraje respè youn pou lòt pou diferans endivididyèl e yo pwomote tolerans ak entegrasyon, etablisman yon anviwònman kote elèv santi yo an sekirite fizikman e emosyonèlman.

Nivo 2: Entèvansyon Nou Sible nan Lekòl yo avèk Sipò Kominote a

Nou ofri kontak ak entèvansyon byen bonè pou elèv ki bezwen sipò ki pi sible. Yo refere elèv sa yo bay konseye pwofesyonèl nan lekòl yo ki idantifye bezwen yo e enpleamente sèvis yo.

Nivo 3: I Entèvansyon Entansif nan Lekòl e nan Kominote a

Nou ofri entèvansyon entansif ak sèvis sante mantal pou elèv ki bezwen kalite sipò endivididyèl sa a. Pwofesyonèl sante mantal Distri a ap kolabore avèk fanmi elèv yo pou konekte elèv sa yo avèk sèvis ki apwopriye pou yo.

Pwogram Invèsesè

- Pwogram Aprantisaj Sosyal-Emosyonèl (SEL) nou enplemente atravè lekòl yo kòm zouti ki gen sekirite e kòm akonpayman.
- Pratik Jistis Restoratif (RJP) nou ap enplemente pou ede avèk vwa elèv yo
- Konsyantizasyon ak Meditasyon nou ap enplemente pou soulaje estrès ak estrateji pou fè fas ak estrès
- 'Values Matter Miami' avèk yon nouvo konfòmite ak konpetans sosyal e emosyonèl pou sipòtè byennèt elèv
- Edikasyon Sante Mantal Eta a egzijib pou tout elèv nan 6èm-12èm ane eskolè.

NIVO 2

Entèvansyon Sible

- Konsèy an ti gwoup
- Sipò sou fòm konsèy endividyle anplwaye yo bay nan lekòl la
- Sèvis espesyalize pou popilasyon ki frijil yo (timoun yo adopte, LGBTQ, sanzabri, etc.)
- Depistaj Sante Mantal
- Ekip Sante Mantal: demand sible pou konsiltasyon elèv
- Rekomandasyon pou elèv al jwenn kowdonatè sante mantal la
- Entèvansyon an Ti gwoup
- Konsèy
- Inisyativ elèv ap dirije
- Devlopman Pwofesyonèl: Konsyantizasyon sou Sante Mantal, Pratik ki Gen Rapò ak Twomatis

NIVO 3

Entèvansyon Entansif

- Plan Entèvansyon sou Konpòtman Sosyal e Emosyonèl (SE-BIP)
- Evalyasyon Elèv ki An Danje pou Komèt Suisid
- Evalyasyon Menas/Evalyasyon Sante Mantal
- Entèvansyon Endividyle
- Rekomandasyon bay Ajans Sante Mantal ki Gen Kontra avèk Nou

Sipò Nivo 1

Sipò nivo 1 gen ladan aprantisaj sosyal e emosyonèl, pratik jistis restoratif, konsyantizasyon ak 'values matter Miami'. Elèv yo resevwa tou segman sou entènèt atravè pwogram Lekti Redaksyon nan Lang Anglè pou satisfè pwogram senk èdtan obligatwa Sante Mantal e Emosyonèl pou elèv lekòl segondè. Nou te enkòpore "Brain breaks" (Repo mantal) nan kourikoulòm K-12 la pandan aprantisaj a distans la.

Sipò Nivo 2

Nivo 2 a gen ladan entèvansyon sible ki baze sou rekòmandasyon pwofesè, administratè e/oubyen paran bay pwofesyonèl sante mantal ki baze nan lekòl yo. Kalite entèvansyon sa yo gen ladan konsèy an ti gwoup ak konsèy endividyle, depistaj sante mantal ansanm ak devlopman pwofesyonèl pou pratik ki gen rapò ak twomatis. Entèvansyon yo kapab fèt a distans oubyen nan yon espas ki ka akomode distans sosyal.

Sipò Nivo 3

Nou ofri entèvansyon entansif ak sèvis sante mantal pou elèv ki bezwen sipò endividyle entansif. Pwofesyonèl sante mantal Distri a ap kolabore avèk fanmi elèv yo pou konekte elèv yo avèk sèvis ki apwopriye yo. Nou ka bay sèvis endividyle e familyal a distans atravè "telehealth counseling" (konsèy sou sante a distans).

Sipò Sante Mantal

Tout pandan fèmti lekòl la, kowòdonatè sante mantal yo t ap bay elèv M-DCPS ansanm ak fanmi yo sèvis. Kèlkeswa modèl enstriksyonèl yo chwazi, Bilding Lekòl oubyen ‘My School Online’, elèv ak fanmi yo ap kontinye resevwa sipò sante mantal. Distri a ap kenbe liy telefòn sante mantal la pou sipòte kominote a an jeneral, e l ap ofri elèv yo sipò espesifik. Elèv yo kapab itilize liy telefòn sa a pou pran randevou an pèsòn nan lekòl yo, si nesesè. Lè elèv yo ale lekòl pou randevou yo, ap gen pwotokòl sekirite ki anplas e reyinyon sa yo ap fèt yon kote byen detèmine nan lekòl la pou minimize kantite moun elèv yo ap an kontak avèk yo.

Nou ofri yon modèl sipò melanje, enklizif ki gen ladan deplwaman sèvis sante mantal an pèsòn e a distans, nan modèl bilding lekòl la e nan MSO. Sèvis nou bay nan bilding lekòl yo ap fèt nan yon zòn byen detèmine ki favorize distans sosyal.

Nou ankouraje paran ak elèv pou yo kontakte Liy Asistans Sante Mantal la pou sipò imedya, Lendi jiska Vandredi, soti 8:00 dimaten rive 4:00 nan apremidi. Kowòdonatè sante mantal Distri a ki lisansye/sètifye ap kontinye sipòte elèv ak fanmi yo pandan ete a, nan mete yo an kontak avèk resous, ofri yo sèvis konsèy endividylel e familyal ak rekòmandasyon bay ajans kominotè ak ajans ki gen kontra avèk nou pou asire yo resevwa sipò imedya yo bezwen.

Liy Telefòn pou Moun ki Bezwèn Èd

Liy Asistans Sante Mantal M-DCPS
(305) 995-7100
Lendi - Vandredi
8:00 dimaten pou 4:00 nan apremidi

**Liy Asistans Jewish Community Services
of South Florida (JCS)**
2-1-1 Asistans (24/7) oubyen (305) 576-6550

Liy Nasyonal Prevansyon Suisid
1-800-273-TALK (8255) oubyen Teks

**Liy Nasyonal pou Voye Tèks Lè
ou an Kriz 741741**

Èske w ap chèche plis resous?

Pou plis enfòmasyon ak asistans, silvouplè vizite sit entènèt ki anba yo oubyen eskane kòd “QR” ou wè yo.

Depatman Sante Mantal (M-DCPS)
<http://mentalhealthservices.dadeschools.net/>

Akademi Paran an
<https://parentacademymiami.com>



Sèvis Manje

Kèlkeswa etap reouvèti a, tout elèv M-DCPS yo gen aksè ak bonjan repa pandan jounen lekòl la. Pandan elèv yo ap patisipe nan aprantisaj a distans nan Etap I an, Distri a ap kontinye ak distribisyon manje nan lekòl yo nan apremidi apre jounen lekòl la pou pèmèt elèv pran plizyè repa alafwa. Yon fwa Distri a pase nan Etap II, elèv ki ale lekòl an pèsòn yo ap manje nan kafetarya a, salklas la oubyen yon lòt kote nou chwazi, baze sou kapasite lekòl la pou enplemant distans sosyal pandan elèv ki ap patisipe nan 'My School Online' ap kapab vin pran divès repa nan distribisyon ki ap fèt pandan semèn nan. Menmsi Distri a nan vakans ete kounye a, nou kontinye ap distribye manje pou elèv nan lekòl nou deziyen pou sa. Pou plis enfòmasyon konsènan dat, lè, ak adrès pou distribisyon manje yo, vizite <https://parentacademy.miami.com/school-meals-near-me/> oubyen eskane kòd "QR" la.



Note: Enfòmasyon konsènan alimantasyon kominote a, distribisyon manje ak asistans pou fanmi ki gen bezwen yo disponib nan seksyon Resous Adisyonèl nan mènyèl sa a (paj 53).

1

Etap I A DISTANS SÈLMAN

- Nou ap itilize kuizin lekòl yo pou preparasyon manje otan sa posib.
- Nou ap distribye manje yo nan jou byen detèmine nan lekòl kote kuizin yo an sèvis.
- Nou ap ajiste orè anplwaye sèvis manje yo pou pèmèt yo sèvi paran lè yo vin pran manje, ansanm ak preparasyon, anbalaj, distribisyon, kontwòl tout manje nou distribye bay elèv.
- Paran/gadyen/elèv yo dwe bay idantifikasyon elèv yo. Nou ka mande paran yo pou yo al pran manje nan lekòl pitit yo oubyen nan yon lekòl nou asiyen pou sa.
- Nou ap itilize peman san lajan kach, sou entènèt pou tout repa yo.

2

Etap II A DISTANS/ AN PÈSÒN

- Nou ap itilize kuizin lekòl yo pou preparasyon manje otan sa posib.
- Nou ap itilize peman san lajan kach, sou entènèt pou tout repa yo.
- Elèv ap ka eskane kat Idantifikasyon yo pou tranzaksyon manje, sa ap elimine itilizasyon klavye òdinatè.
- Pou manje ki distribye nan salklas yo, se pwofesè a ki ap konplete transaksyon manje yo.
- Orè manje yo ap gen ladan lè pou elèv yo lave men yon fason ki total avan e apre repa, ansanm ak lè pou anplwaye ki ap fè netwayaj yo dezenfekte kote moun manje yo chak fwa yo fin itilize yo.
- Elèv ki enskri nan MSO yo ap suiv plan Etap I an pou pran manje nan lekòl nou deziyen pou sa.

Aktivite Atletik

Pwogram atletik yo dwe suiv konsèy ki soti nan "Florida High School Athletic Association (FHSAA)" (Asosyasyon Atletik Lekòl Segondè nan Florid). Nou ranvwaye antrènman pou tout disiplin espòtif yo pou jiska 24 out 2020, avèk elèv atlèt yo ki ap patisipe nan aktivite kondisyònman nou otorize yo jiska dat sa a. Divizyon Atletik, Aktivite ak Akreditasyon M-DCPS ak 'Greater Miami Athletic Conference (GMAC)' devlope yon plan an plizyè faz pou ekip yo rekòmanse jwe. Sa ap kòmanse lè lekòl yo ouvè e antrenè yo ansam ak elèv atlèt yo kapab retounen.

Yon fwa M-DCPS rekòmanse aktivite atletik yo, n ap suiv tout règleman CDC yo. Pou aprann kisa ou memm oubyen elèv ou a ka fè pou rete an sekirite pandan y ap patisipe nan aktivite espòtif nou òganize yo, ou ka gade videoyo sa a ki soti nan CDC nan <https://youtu.be/LMBzjaVRChY> oubyen lè w eskane kòd "QR" ki anba a.



RETE AN SEKIRITE SOU TEREN E ANDEYÒ TEREN



Rete lakay si ou malad.



Pote pwòp ekipman ak zouti ou (si posib).



Lè w ap touse ak etènye, kouvrir avèk yon twal oubyen koud ou.



Lave men ou oubyen sèvi ak dezenfektan pou men apre yon aktivite e apre w fin pataje ekipman.



Pale ak yon antrenè oubyen yon anplwaye si w pa santi w byen.



cdc.gov/coronavirus

Aktivite Andeyò Orè Lekòl, Pwomnad ak Aktivite nan Lekòl

Pandan Etap I ak Etap II a tout klib ak aktivite andeyò orè lekòl ap fèt a distans.

Anplis, pwomnad yo dwe fèt a distans tou. Aktivite nan lekòl tankou jounen vizit lekòl ak gwoupman avan match ap fèt a distans pandan Etap I an men n ap bay otorizasyon pou yo fèt an pèsòn nan Etap II a etandone l ap posib pou respekte règleman CDC konsènan limitasyon kantite moun ki nan yon gwoup, distans sosyal ak itilizasyon kouvèti pou vizaj.

1

Etap I A DISTANS SÈLMAN

- Seleksyon aktivite ka fèt nan faz sa a e li ka fèt nan itilize reyinyon ak seminè sou Zoom ansanm ak kreyasyon videyo ki anrejistre alavans pou aktivite/evènman tankou Jounen Vizit Lekòl ak asanble elèv.
- Reyinyon klib yo ap fèt grasa itilizasyon reyinyon ak seminè sou Zoom ki pèmèt aksè pou tout moun.
- Nou pap pèmèt pwomnad an pèsòn nan faz sa a.

2

Etap II A DISTANS/ AN PÈSÒN

- Kèk aktivite nou seleksyoné ka fèt nan faz sa a nan itilize reyinyon ak seminè sou Zoom ansanm ak kreyasyon videyo ki anrejistre alavans pou aktivite/evènman tankou Jounen Vizit Lekòl ak asanble elèv.
- Aktivite tankou fèt ansyen elèv ak rasableman avan aktivite espòtif dwe suiv dènye règleman CDC, Depatman Sante, ak Komisyon Konsèy Lekòl la konsènan limitasyon kantite moun ki dwe gen nan yon gwoup, distans sosyal, itilizasyon kouvèti pou vizaj, pwoposyon pwofesè-elèv eks.
- Reyinyon klib yo ap fèt nan itilize reyinyon ak seminè sou Zoom ki pèmèt aksè pou tout moun.
- Nou pap pèmèt pwomnad an pèsòn pandan etap sa a.





Angajman Familyal e Kominotè

SEKSYON

04

Angajman Familyal e Kominotè

Angajman Familyal

Kenbe Fanmi yo Enfòme

Pou kenbe fanmi yo ajou e enfòme Distri a pral itilize sa k ap suiv yo:



Semèn Byenveni

Soti 24 out rive 28 out 2020, Distri a pral ofri yon semèn aktivite ak oryantasyon pou fanmi. Pami sijè yo ap genyen aparèy Distri a ofri, konekte sou pòtal la, sante mantal, sosyal e emosyonèl, bon òganizasyon ak abitid etid ansanm ak itilize diferan platfòm pou aprantsaj.



Pòtal Paran

Pòtal la pral premye kote fanmi yo ta dwe jwenn aksè ak nòt e orè elèv yo. Pou antre sou li, kont paran an dwe konekte avèk kont elèv la. Paran ka kontakte lekòl pitit yo e bay bonjan idantifikasyon pou yo ka jwenn nimewo 'pin' sis chif yo a ki inik y ap bezwen pou yo ka konekte kont yo. Eskane kòd 'QR' ki sou bò goch la oubyen vizite <http://www.dadeschools.net/parents.asp>.



Aplikasyon Mobil Dadeschools la

Nou rekòmande paran yo pou yo fè elèv yo konekte kont yo ak kont pa yo. Paran yo ka kontakte lekòl pitit yo e bay bonjan idantifikasyon pou yo ka jwenn nimewo pin sis chif yo a ki inik y ap bezwen pou yo ka konekte kont yo. Aplikasyon an disponib sou 'App Store' ak 'Google Play'.



Reouvri Sit Entènèt Lekòl la

Sit entènèt pou reouvèti ofisyèl lekòl la ap gen enfòmasyon ki pi resan yo tankou "Frequently Asked Questions (FAQs)" (Kesyon Moun Poze Souvan). Eskane kòd 'QR' ki sou bò goch la oubyen vizite <http://reopening.dadeschools.net>.



Andwa Lekòl la

Nou ankouraje paran pou yo suiv kont Twitter lekòl pitit yo e vizite sit entènèt lekòl la. Nou ka jwenn enfòmasyon sou kontak lekòl yo sou sit entènèt [ànyè lekòl](#) la oubyen nan eskane kòd 'QR' ki sou bò goch la. Paran yo dwe vizite tou chèn [Eduvision](#) Distri a nan eskane kòd 'QR' ki sou bò dwat la.



Medyal Sosyal

Anba a n ap jwenn sit medya sosyal ak touch Distri a ap itilize pou ofri enfòmasyon resan pou fanmi ak kominote a an jeneral.



@MDCPS
@EscuelasMDCPS
@MiamiSUP



@MiamiSchools
@AlbertoMCarvalho1



@MiamiSchools
@MiamiSup



@MiamiSchools

Semèn Byenveni



Kòm yon pati nan efò angajman familyal n ap fè pou enfòrme elèv ak fanmi sou sa yo ka atann pou premye jou 2020-2021 an, M-DCPS ap òganize yon Semèn Byenveni 24 out jiska 28 out. Seri pwogramasyon sa a ki ap dire tout yon semèn ap disponib sou demand ann Anglè, Espayòl, ak Kreyòl atravè sit entènèt Distri a e sou WLRN TV. pwogramasyon an ap kouvari yon seri sijè ki fèt pou ede elèv ak fanmi prepare yo pou yon ane lekòl ki reyisi. Sijè yo ap gen rapò ak kategori k ap suiv yo: Konekte a distans, Yon Kò ak yon Lespri ki Sen ak Pitit Ou sou Kanpous Lekòl la. Gen plis enfòmasyon ki pral disponib pou fanmi sou fason pou yo jwenn aksè sou pwogramasyon an atravè komunikasyon espesifik ki soti nan Distri/lekòl yo, ansanm ak Sit Entènèt [Reouvèti Lekòl](#) M-DCPS la (reouvettileko.m-dcps.net). Nou ka jwenn aksè a sit Entènèt Reouvèti Lekòl Distri a nan eskane kòd 'QR' ki sou bò dwat la.



Sipò pou Aparèy ak Teknoloji

Distri a pral ofri fòmasyon ak sipò pou paran pou yo ka pi byen anmezi pou yo ede pitit yo avèk konpreyansyon e efikasite nan teknoloji.

- Kanpous sou Entènèt Akademi Paran an (<https://parentacademy.miami.com/virtual-campus/>) ap ofri seminè sou entènèt sou demand nan divès lang.
- Gen yon paj k ap gen dènye enfòmasyon sou "FAQ" (Kesyon Moun Poze Souvan) konsènan platfòm teknoloji enstriksyonèl yo ki pral vini avan lontan sou sit entènèt endividylekòl nan Distri a.
- Lekòl yo ka ofri tou sipò espesifik sou sit yo. Paran yo dwe kontakte lekòl yo pou yo konprann posiblite opsyon ki ka disponib pou yo.

Nan ka kote yon aparèy ta kraze oubyen pwogram li ta ap fonksyone mal, fanmi yo dwe kontakte lekòl kote pitit yo enskri a pou enstriksyon sou fason pou yo jwenn yon nouvo aparèy.

Liy Enfòmasyon Sipò

Distri a ap genyen plizyè liy enfòmasyon telefòn pou paran, pwofesè ak elèv pou bay sipò adisyonèl nan domèn nou mansyone anwo yo. Nou ap fè w konnen nimewo sa yo ak lè fonksyonman yo atravè medya sosyal ak lòt komunikasyon ki soti nan Distri a.

- **Liy Enfòmasyon Asistans Aprantisaj a Distans:** Liy enfòmasyon sa a **(305-995-4357)** ap disponib pou sipòte paran ak elèv pou ede yo navege aprantisaj a distans la, tankou pou yo bay elèv èd ak devwa.
- **Liy Enfòmasyon Asistans Sante Mantal:** Liy enfòmasyon **(305-995-7100)** la ouvè pou nenpòt paran elèv ki ap chèche sipò sante mantal.



Vaksen Elèv

“Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)” (Lekòl Leta Miami-Dade County) ankouraje paran/gadyen pou yo tcheke dosye vaksen elèv yo pou wè si dat la rive pou yo pran nenpòt vaksen obligatwa yo mande pou antre lekòl. Patikilyèman pandan pandemi COVID-19 la, li enpòtan pou elèv yo resevwa vaksen pou pwoteje yo kont maladi ak epidemi yo ka prevni. Pandan sezón gwo grip ki pral vini an, vaksen kont grip la tou ap enpòtan anpil pou redui enpak maladi respiratwa nan kominate a. **Li obligatwa pou tout elèv laj lekòl M-DCPS pran vaksen pou ane lekòl 2020-2021 an, ki gen ladan sa yo ki ap patisipe antyèman nan “My School Online” (Lekòl Mwen sou Entènèt).**

Paran/gadyen yo pa dwe pran reta pou yo kontakte founisè medikal yo pou mete yon randevou. Non sèlman vaksen pou elèv laj lekòl obligatwa pou lekòl, vaksen prevni maladi ki debouche sou vizit medikal ki pa nesesè, ospitalizasyon ak lòt anboutejay sou sistèm sante a.

Depatman Sante Florid nan Miami-Dade County, Sant Sante ki Kalifye Federalman, Klinik Mobil University of Miami Pediatric ak the Jessie Trice Community Health System bay vaksen GRATIS oubyen nan pri redui. Ou ka jwenn feyè tout kat òganizasyon sa yo, avèk lè yo disponib ak adrès yo, nan paj entènèt prensipal Distri a ki lokalize nan <http://www.dadeschools.net/> oubyen nan eskane kòd ‘QR’ ki adwat la.



Sipòte Elèv nan “My School Online (MSO)” (Lekòl Mwen sou Entènèt)

Pandan aprantisaj a distans la, patisipasyon paran se pral kle pou siksè elèv yo, kèlkeswa ane eskolè elèv la enskri. Meyè Pratik pou sipòte elèv nan MSO gen ladan:

- Asire vaksen woutin elèv ou yo ajou. Malgre elèv ou yo prale lekòl sou entènèt, li pi bon pou w prepare pou yo retounen nan yon anviwònman an pèsòn e pou sipòte sante yo an jeneral.
- Aplike machasuiv ak atant klè pou bon konpòtman ak pèfòmans akademik e nourì yon atitud pozitif anvè lekòl ak aprantisaj.
- Pwograme yon reyinyon avèk pwofesè ptit ou nan kòmansman ane lekòl la. Pataje enfòmasyon sou elèv ou a ki ka ede pwofesè sipòte aprantisaj yo. Mande kòman ou ka sipòte elèv ou a lakay.
- Depi sa posib, bay elèv ou a yon konpitè ak aksè entènèt estab oubyen kontakte lekòl ptit ou a pou w jwenn yon aprarèy Distri a ak hotspot gratis, si w ta bezwen.
- Bay timoun nan yon andwa trankil nan kay la kote elèv ou a ka siyen antre nan klas andirèk sou entènèt la chak jou.
- Asire w elèv la siyen antre nan klas yo alè chak jou.
- Tcheke ak elèv ou a chak jou sou travay/devwa endepandan yo mande I.
- Kontakte pwofesè a osito posib si w gen nenpòt enkyetid.
- Asire elèv yo respekte tan yo dwe pase nan kou yo e fini tout devwa yo chak semèn.
- Bay lekòl la enfòmasyon kontak presi sou kay ou, travay ou, ak enfòmasyon kontak ou pou ijans.



Sipòte Elèv nan Bilding Lekòl yo

Elèv ki retounen nan biling lekòl yo ap retounen nan yon anviwònman ki diferan anpil pase sa yo te konn abitye avan. Pou sipòte elèv nan tranzisyon sa a e pou asire sekirite yo, pi bon pratik pou fanmi yo fè gen ladan:

- Asire vaksen woutin elèv ou yo ajou. Gade apandiks la pou yon lis andwa yo bay sèvis vaksen.
- Kominike souvan ak pwofesè ptit ou. Bon relasyon chita sou konvèsasyon regilye youn ak lòt, e ki fè sans.
- Etabli machasuiv ak atant klè pou bon konpòtman ak pèfòmans akademik e nourì yon atitud pozitif anvè lekòl ak aprantisaj.
- Fanmi yo dwe pran tanperati e tcheke sentòm timoun yo chak maten avan depoze yo lekòl oubyen kite yo monte otobis lekòl yo.
- Si yon paran/gadyen ale depoze yon elèv lekòl, paran/gadyen an dwe rete nan machin nan pou redui trafik kantite pyeton an pandan moman antre lekòl la.
- Tcheke materyèl yo chak swa pou asire elèv la gen laptòp li, chajè, ak lòt materyèl nan valiz lekòl li.
- Patikilyèman avèk jèn timoun yo, fè konvèsasyon avèk yo avan yo retounen lekòl pou aprann elèv kisa yon konpòtman ki gen sekirite sanble (egzanp lave men, kenbe distans sosyal).
- Tcheke chak jou ak elèv ou a pou asire yo ap byen kenbe aktivite klas yo.
- Kontakte pwofesè yo pi vit posib si w gen nenpòt enkyetid.



Angajman Kominotè

“Dade Partners” (Patnè Dade yo): Patenarya Kominotè

Distri a pral kontinye ofri pwogram Patnè Dade li yo pou li konekte ak òganizasyon ak biznis ki baze nan kominote a ak lekòl yo pou pataje ekspètiz ak resous yo. Nou pral kontinye kenbe patenarya ki egziste deja nou yo pandan n ap chèche nouvo òganizasyon ki enterese sipòte kominote nou an atravè bay elèv, pwofesè ak fanmi donasyon founiti klasik ak materyèl, bay ankourajman nan onore akonplisman elèv oubyen fanmi oubyen patwone lòt pwogram distri a. Òganizasyon ki enterese ka imèl dadepartners@dadeschools.net, vizite



<https://www.engagemiamidade.net/community-dade-partners>, oubyen eskane kòd ‘QR’ anwo a.

Pwogram Estaj pou Ane Akademik la

Distri a pral kontinye ofri Pwogram Estaj pou Ane Akademik la pou elèv twazyèm ak katriyèm ane lekòl segondè pandan ane lekòl 2020-2021 an. Pou sou menm liy avèk pratik travay diferan òganizasyon yo e pou kenbe sekirite elèv yo ak fanmi yo, kèk pwogram entèn ka mande pou elèv yo travay a distans. Pou w tounen yon founisè e pou patisipe nan pwogram nan estaj la, imèl internships@dadeschools.net, eskane kòd ‘QR’ adwat la, oubyen vizite www.engagemiamidade.net/internships.



Elèv ki enterese patisipe nan pwogram nan dwe enskri nan <https://aymiami.getmyinterns.org/Account/RegisterStudent> (oubyen eskane kòd ‘QR’ adwat la) kote kowòdinatè pwogram estaj lekòl segondè a ap apwouye yo pou patisipe nan pwogram nan.



Volontè Lekòl

Pwogram Vonlontè Lekòl la matche resous manb kominotè yo ak bezwen elèv ak lekòl pou sipòte objektif Distri a pou akonplisman elèv. Pwolonje sèvis volontè lekòl yo nan espas sou entènèt la pèmèt yo sipòte leson patikilye, bay konsèy ak divès responsablité lakay yo. Avan yo kòmanse bay sèvis, tout volontè dwe enskri atravè pòtal M-DCPS a e ranpli yon depistaj sou kondisyon lavi pase yo. Pou w ka vin yon volontè lekòl oubyen yon konseye telephone 305-995-2995, imèl schoolvolunteerprogram@dadeschools.net, eskane kòd ‘QR’ adwat la oubyen vizite <https://www.engagemiamidade.net/community-volunteer-regist>.





Edikasyon Adilt ak Kolej Teknik

SEKSYON

5

Edikasyon Adilt ak Kolèj Teknik

Depi fèmti lekòl yo, Distri a te kontinye ofri tout pwogram "Adult and Technical College (AE & TC)" (Adilt ak Kolèj Teknik) yo atravè aprantisaj sou entènèt. Pandan distri a ap avanse nan Etap I, elèv adilt CTE M-DCPS ap gen yon aprantisaj melanje nan kanpous lekòl la ak aprantisaj a distans. Anpil Pwogram CTE mande kourikoulòm obligatwa fasafas ak pwojè pratik pou konplete kou yo. Orè klas ibride yo ap endividyalize dapre pwogram espesifik yo nan itilize règleman CDC ki pi ajou yo.

Pou pwogram "Adult General Education (AGE)" (Edikasyon Jeneral Adilt) ki gen ladan Edikasyon Debaz pou Adilt, ESOL (Anglè pou Moun ki Pale Lòt Lang), Preparasyon GED®, ak Konplete Lekòl Segondè, nou ap ofri aprantisaj a distans pandan Etap I an e n ap ofri enstriksyon an pèsòn pandan Etap II, baze sou disponiblite espas yo. Metòd sa a pèmèt pou ofri klas yo nan diferan lè, kidonk sa ap ogmante opsyon pou elèv yo gen yon edikasyon apre lekòl segondè. Distri a te etabli yon liy asistans AE & TC (305 558-8000) pou ede elèv aktyèl, sa ki retounen, ak nouvo elèv AGE ak elèv nan kolèj teknik yo jwenn enfòmasyon ki gen rapò ak disponiblite pwogram yo ak kontinyasyon sèvis enstriksyonèl yo atravè yon modalite aprantisaj sou entènèt.

1 Etap I TOUT A DISTANS

Tout pwogram, konplè "Adult General Education (AGE)" (Edikasyon Jeneral Adilt), pwogram Preparasyon GED, ESOL, ak 'Career & Technical Education (CTE)', ap fonksyone atravè modalite sou entènèt. Pou plis enfòmasyon oubyen pou w lokalize yon lekòl pre lakay ou, silvouplè vizite <https://www.careerinayear.com/> oubyen eskane kòd QR..



2 Etap II A DISTANS/ AN-PÈSÒN

Akoz plizyè pwogram CTE apre Lekòl Segondè mande aktivite, pwojè aprantisaj fasafas pou fini pwogram nan antyèman, aprantisaj CTE apre Lekòl Segondè ap itilize yon modèl aprantisaj ibride, avèk melanje nan kanpous lekòl ak aprantisaj sou entènèt ak diferans dapre pwogram nan. Pandan Etap II, pwogram AGE yo ka fonksyone sou yon modalite melanje dapre disponibilite/itilizasyon etablisman fizik yo.

Ou bezwen plis enfòmasyon?

Pou plis enfòmasyon sou pwogram Edikasyon Jeneral Adilt oubyen kolèj Teknik Distri yo, vizite paj entènèt anba yo oubyen eskane kòd 'QR' yo bay la.

Pwogram Edikasyon Jeneral Adilt

<https://www.adulteducationworks.com/adult-general-education-programs/>



Lis Kou Kolèj Teknik Distri yo

<https://www.careerinayear.com/wp-content/uploads/2020/04/022020-District-Technical-College-Course-Directory.pdf>





Anplwaye Sipò

SEKSYON

06


Pwotokòl Andwa Travay yo

Pou kenbe anplwaye yo an sekirite, Distri a devlope yon seri pratik debaz pou yo itilize nan tout andwa travay yo ki gen ladan:

- Tankou fè depistaj sante pèsonèl chak jou avan yo antre nan andwa travay la.
- Kontakte administratè andwa travay la pou machasuv lè yon anplwaye ta santi sentòm ki gen rapò ak COVID-19 oubyen ki teste pozitif. Distanse estasyon travay anplwaye yo e suiv machasuv distans sosyal yo.
- Kreye separasyon fizik nan ka kote fonksyon travay anplwaye yo mande kontak fasafas ak manb nan piblik la.
- Limite pataj ekipman depi sa posib e netwaye souvan ekipman yo pataje.
- Pwomote reyinyon sou entènèt plis posib.
- Etabli demand pou minimize risk transmisyon COVID-19 pou gen ladan demand obligatwa pou kouvri vizaj e ogmante pratik ijiyèn pou lave men souvan.
- Ogmante sanitasyon espas biwo yo.
- Limite kapasite elevatè ak nan twalèt yo.
- Mete estasyon dezenfektan sanitè nan andwa ki gen anpil trafik yo.




01. Depistaj Sante Chak Jou



02. Biwo Elèv a Distans



03. Baryè Fizik



04. Evite Pataj Ekipman



05. Reyinyon a Distans



06. PPE /Ogmantasyon Sanitasyon

Sipò ak Benefis Sante Mantal

Anplwaye yo ka jwenn sipò gratis e konfidansyèl pou bezwen mantal ak emosyonèl yo nan itilize “Employee Assistance Program (EAP)” (Pwogram Asistans Anplwaye) a ak “Employee Wellness Program” (Pwogram Byennèt Anplwaye) a. EAP a ap bay evalyasyon, konsèy, rekòmandasyon, ak jesyon ka/swen kontinyèl jan yo bezwen. Anplidesa, Pwogram Byennèt Anplwaye Distri a – ‘Well Way’, rete angaje pou pwomote byennèt mantal ak fizik tout anplwaye atravè edikasyon anplwaye ak patenarya pou sèvis, tankou konsiltasyon ak konsèy medikal nan telefòn.

Anplwaye ki gen pi gwo risk konplikasyon ki asosye ak COVID-19 ki ka bezwen akomodasyon pou pèfòme fonksyon travay yo ka kontakte Biwo “Americans with Disabilities Act (ADA)” (Ameriken ki gen Andikap) pou asistans. Nou ka akòde Demand Konje Medikal Familyal Pwolonje pou toude, anplwaye aplentan ak atan pasyèl ki pa ka travay a distans oubyen akoz rezon ki gen rapò ak COVID-19 ak sa ki asosye ak responsablite swen timoun.

Anplwaye yo ka jwenn aksè nan toude biwo nou mansyone anwo yo nan itilize nimewo nou mete anba yo:

EAP	305-995-7111
Wellness	305-995-2265

ADA	305-995-7116
FMLA	305-995-7090

Ou bezwen plis enfòmasyon?

Pou enfòmasyon adisyonèl, klike sou lyen sa yo pou vizite sit entènèt anba yo oubyen eskane kòd ‘QR’ yo bay yo.



Employee Assistance Program
<https://hrdadeschools.net/empassistance/>



Employee Wellness Program
<http://wellway.dadeschools.net/#/>



HR/Leave & Retirement
<https://hrdadeschools.net/leaveretirement/>



Human Resources/ADA
<https://hrdadeschools.net/ada/>

Devlopman ak Fòmasyon Pwofesyonèl

Distri a bay anplwaye yo fòmasyon pou tranzisyon aprantisaj a distans ak travay sou entènèt la, ansanm ak pou prepare pou ane lekòl ki pral vini an.

Nan fen sezon prentan an, M-DCPS te bay yon seri sesyon fòmasyon pou anplwaye ki ap fè netwayaj yo pandan yo ap retounen pou fè gwo netwayaj ak dezenfekte etablisman lekòl nou yo. Parapwofesyonèl ak sipò administratif ki fè pati gwoup parapwofesyonèl-a-anseyan (P2T) ak anplwaye biwo-a-anseyan (C2T), te patisipe nan fòmasyon ak devlopman pwofesyonèl pandan Akademi Ete 2020 an, sou divès kalite sijè ki gen rapò ak aprantisaj a distans, "Diversity, Equity and Inclusion (DEI)" (Divèsite, Ekite ak Enklizyon), aprantisaj sosyo-emosyonèl ak estrateji enstriksyonèl.

Atravè 'Synergy' 2020 an jiyè 2020 an, nou te bay administratè andwa lekòl ak pèsonèl enstriksyonèl yo fòmasyon sou divès kalite sijè ki gen rapò ak aprantisaj distans ak bay sipò sosyo-emosyonèl pa mwayen sou entènèt. Direktè lekòl yo te patisipe tou nan "2020 Virtual Summer Leadership Institute" (Enstiti Dirijan a Distans Ete 2020 an) nan fen jiyè 2020 an sou pratik debaz sou kòman pou pwoteje ak sipòte mendèv yo, ki gen ladan resous Distri yo tankou Demand Konje Medikal ak Familyal Pwolonje, akomodasyon ADA, Asistans ak Byennèt Anplwaye. Lidè lekòl yo te aprann tou kòman pou yo sipòte pwofesè yo pandan y ap chanje soti nan ansèyman tradisyonèl pou aprantisaj a distans ak eksploré defi ki gen rapò ak divèsite, ekite, ak enklizyon. Pou pwofesè lidè yo ak asistan direktè lekòl k ap patisipe nan "Teacher LEADership Academy" (Akademi LIDÈ Pwofesè) fòmasyon siplemantè yo te bay yo te kouvari sijè tankou kijan pou yo chanje soti nan ansèyman tradisyonèl pou aprantisaj a distans, kijan pou devlope yon kilti kolaborasyon nan responsablite kolektif pou ansèyman ak aprantisaj, kiltive pataj responsablite, e pratique pou rete atansyone. Pou administratè Distri yo, yo te ofri de (2) sesyon fòmasyon ki gen rapò ak pwotokòl COVID-19. Premye sesyon an te fèt nan dat 28 jiyè 2020, e yo te pwograme yon dezyèm pou 11 out 2020.

Pandan yo nan ane lekòl la, lidè lekòl yo pral patisipe nan sesyon fòmasyon School Operations ak Rejyon yo ki ouvè pou resevwa fòmasyon sou pwotokòl ouvèti lekòl la ak machasuv sekirite COVID-19. Pou prepare pwofesè yo pi byen pou ouvèti lekòl yo, Distri a te planifie yon seri sesyon devlopman pwofesyonèl pou nouvo pwofesè k ap antre nan M-DCPS. Anplisdesa, yo pral bay pwofesè senk jou devlopman pwofesyonèl sou platfòm MSO a ak kourikoulòm ansanm ak pwotokòl sekirite nan antisipasyon Etap II a. Pou plis sipòte lidè lekòl ak pwofesè yo, e pou asire kwasans pwofesyonèl kontinyèl ak konsistans nan tout lekòl yo, Ekip Sipò pou Aprantisaj Pwofesyonèl nan chak andwa lekòl ap kontinye bay sipò yo.

Pou prepare anplwaye sipò pou yon retou lekòl ki gen sekirite, Distri a te devlope sesyon fòmasyon sou Pwoteje ak Sipòte Mendèv pou parapwofesyonèl, monitè sekirite lekòl, anplwaye biwo, travayè kafeterya, ak chofè ak èd otobis. Sesyon yo pwograme pou out 12-21, 2020.

Nou mete nan achiv sit entènèt "Human Resources (HR)" (Resous Imen) an videoyo pratik debaz Distri a sou pwotokòl sekirite ak sante. Sa pèmèt anplwaye yo gen aksè 24/7 sou machasui ak pwosedi pou asire konpreyansyon yo sou sekirite ak pwotokòl sante.

Dat Developman Pwofesyonèl yo

27 Jiyè – 7 Out 2020

Akademi Pwofesè LIDÈ 2020

- ✓ Segman Fondasyon Developman Pwofesè Lidè
- ✓ Wòl Espesifik Aprantisaj Pwofesyonèl Pwofesè Lidè
- ✓ Kiltive Pataj Responsablitè Lidè
- ✓ Chanjman Soti nan Ansèyman Pandemik pou Aprantisaj a Distans
- ✓ Byennèt ak Pote Atansyon

28 Jiyè ak 11 Out 2020

Ouvè Ansanm! Seri Seminè pou Administratè Distri yo

- ✓ Pratik Debaz pou Pwoteje e Sipòte Mendèv la
- ✓ Pratik pou travayè espesifik nan Sante, Pwoteksyon, ak Sekirite
- ✓ Mekanis Fòmasyon pou Sipòte Sante ak Sekirite Mendèv la
- ✓ Resous Distri yo pou Sipòte Anplwaye pandan COVID-19
- ✓ Machasuiv Anplwaye kont Enkyetid ki gen Rapò ak COVID-19
- ✓ Konvèrsasyon Kouraje e Brav Konsènan Prejidis

Developman ak Fòmasyon Pwofesyonèl

School Operations 10 Out Rejjon Ouvè 12 Out (Administratè Andwa Lekòl)	Oryantasyon pou Nouvo Pwofesè 12-17 Out	Developman Pwofesè (Akademik) 20-26 Out	Fòmasyon pou Anplwaye Sipò 12 – 21 Out	Ekip Resous Imen Fonksyonman Lekòl ki Baze nan Lekòl 27 Out
--	--	--	---	--

Pratik Debaz Sante ak Sekirite	Preparasyon Fizik ak a Distans– Prepare pou Chanjman!	Kòmanse Edikasyon K12 avèk Enèji	Pwoteje e Sipòte Mendèv pou parapwofesyonèl	Dirije avèk Espri Ekite
Pwotokòl Ouvèti Lekòl	Kreye yon Kilti Konsistan pou Chak Klas	Óganize Salklas K12	Pwoteje e Sipòte Mendèv pou Monitè Sekirite	Sipòte Sante Mantal Elèv ak Anplwaye
Sipòte Efikasite Apwòch Enstriksyonèl Pandan Aprantisaj a Distans	Nouri yon Anviwònman pou Repons Ekitab ak Kiltirèl	'Microsoft Teams'	Pwoteje e Sipòte Mendèv pou travayè asistan biwo ak kafetarya yo	Estrateji Kominikasyon Lekòl Efikas pou Fanmi
Machasuiv Sekirite COVID-19	Meyè Pratik Ansèyman Ak Aprantisaj a Distans	'Zoom'	Pwoteje e Sipòte Mendèv pou chofè ak èd chofè otobis yo	Ekipman Pwoteksyon Pèsonèl/Preparasyon Lekòl

Resous Adisyonèl

Enfòmasyon COVID-19 pou Lòt Ajans

Planifikasyon Retou Lekòl 2019 Kowonaviris “Centers for Disease Control and Prevention (CDC)” (Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi): Ou ka Jwenn Lis pou Gide Paran, Gadyen, ak Responsab Timoun nan:
<https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/community/schools-childcare/parent-checklist.html>



Depatman Sante Florid: Sant Apèl Depatman Sante Florid COVID-19 la disponib 24/7 | 1 (866) 779-6121 | COVID-19@flhealth.gov Ou ka jwenn enfòmasyon ki gen rapò dirèk ak lekòl ak swen timoun nan <https://floridahealthcovid19.gov/schools/>



“Florida Department of Education (FDOE)” (Depatman Edikasyon Florid): Ou ka jwenn enfòmasyon ki gen rapò ak COVID-19 ki gen ladan lyen plan reouvèti lekòl distri a apwouve ak lòt machasuv FDOE bay ki gen rapò ak lekòl nan:
<http://www.fl doe.org/em-response/index.shtml>



Miami-Dade County COVID-19 “Chanje pou Nouvo Nòmalite a”: Ou ka jwenn enfòmasyon kontinyèl ki gen rapò ak done, lòd ijans lokal, ak machasuv lokal nan:
<https://www.miamidade.gov/global/initiatives/coronavirus/openings.page>



Manje Kominotè, Distribisyon Manje, ak Asistans pou Fanmi ki nan Bezwen

Nou bay resous anba yo pou enfòmansyon ak konvenyans piblik la, ak evènman antite patnè yo òganize. Silvouplè note andwa ak evènman yo ka chanje.

Share Your Heart. Share Your Heart (SYHVC)
<http://victoryforyouth.org/shareyourheart/miami-dade-food-pickup-locations/>



Farm Share
<https://farmshare.org/food-distributions/>



Feeding South Florida
<https://feedingsouthflorida.org/covid19/>



Enskripsyon Nouvo Elèv

Lekòl Leta Miami-Dade County ap rekòmanse ansèyman lendi 31 out pou kòmanse ane lekòl 2020-2021 an. Tout timoun ki gen laj sis ane oubyen ki pral gen sis ane vè 1ye fevriye nan nenpòt ki ane oubyen ki gen laj ant 6 ak 16 ane, eksepte jan yo note li otreman nan Iwa Florid, oblige ale lekòl regilyèman pandan tout tèm lekòl la. Tout timoun ki enskri nan yon lekòl Distri a dwe satisfè demand vaksinasyon yo dapre Iwa eta a, e bay prèv yo te fè yon egzamen fizik. Nou dwe bay dokiman sa yo lè premye enskripsyon an:

- orijinal sètifikasi nesans yo;
- verifikasyon laj ak non legal;
- prèv egzamen fizik yon founisè sante ki apwouve fè ki gen ladan depistaj tibèkiloz klinik, suivi ki apwopriye, ak yon sètifikasi vaksen;
- de (2) verifikasyon adrès kay aktyèl paran/gadyen (adrès);
- Soumèt nan Moman Enskripsyon an (Fòm 5740); ak
Kesyonè sou lojman elèv la / Fòm Timoun ak Jèn ki Nan Tranzisyon Fòm FM-7378
Pwojè UP-START (sanzabri)

Elèv ki transfere soti nan lòt eta, lòt distri nan Florid, oubyen ki fèt nan lòt peyi, dwe obsève menm demand admisyon ak antre lekòl yo pou enskripsyon. Yo asiyen tout elèv pou yo ale nan distri lekòl kote paran/gadyen legal yo abite, sòfsi timoun nan te resevwa yon transfè pou yon lòt lekòl atravè “Parent Choice Student Transfer” (Chwa Paran pou Transfè Elèv) (<http://attendanceservices.dadeschools.net/#/>) oubyen atravè “Miami-Dade County Public Schools’ School Choice & Parental Options” (Chwa Lekòl ak Opsyon Paran Lekòl Leta Miami-Dade County (<https://yourchoicemiami.org>)).

Pou jwenn lekòl ki desèvi zòn katye w la, ou ka ale nan www.dadeschools.net, chwazi “Schools, Find your Neighborhood School” (Lekòl, Jwenn Lekòl Katye w la). Malgre pa gen datlimit pou enskripsiyon, nou ankouraje w pou enskri timoun yo bonè pou evite reta nan pwosesis la e pou asire yo ka ale lekòl nan premye jou ouvèti lekòl la. Vizite attendanceservices.dadeschools.net pou plis enfòmasyon sou enskripsiyon.

“Miami-Dade Schools Police Department (MDSPD)”

(Depatman Polis Lekòl Leta Miami-Dade County)

Amelyore sekirite ak ranfòse lalwa se premye devwa ak pi gwo priyorite ofisyen nan “Miami-Dade Schools Police Department (MDSPD)” (Depatman Polis Lekòl Miami-Dade). Yo jwe tou wòl enpòtan nan lavi elèv yo e pozisyon yo enplike plizyè lòt responsabilite. Ofisyen Resous Lekòl yo, ki se ofisyen polis ki prete sèman ki regilyèman estasyone nan lekòl yo, yo bay sèvis tou pou rezoud pwoblèm, defansè jèn yo, lyezon lekòl ak komunitè, pwotektè, konseye, enstriktè salklas ak jwe wòl modèl pozitif. Pou sekirite ak pwoteksyon elèv ak anplwaye yo, Ofisyen Resous Lekòl MDSPD yo tou e patisipe nan plizyè fòmasyon pandan tout ane a, ki gen ladan, men ki pa limite a: Prejidis Sibtil, Pwosedi Jistis, Entèvansyon Kriz, Dezakselerasyon, Fiziyad Aktif ak Sispann Senyen/CPR.

Nou te kreye "Police Command Center (PCC)" (Sant Kòmand Polis) dènye kri MDSPD la pou sèvi kòm pote mitan nan apwòch entèlijans ajans polis yo. Li gen kapasite pou obsève delwen plis pase 18,000 kamera nan tan reyèl. Anplwaye yo kontwole PCC la pou amelyore espas tan repons polis la. Li gen divès kalite resous done, tankou 'Raptor' Vizitè ak Sistèm Jesyon Volontè, ki se yonsèl sistèm platfòm ki fè depistaj sou plizyè milyon vizitè chak ane nan andwa lekòl yo. PCC a pèmèt anplwaye yo kontwole lekòl yo e jwenn enfòmasyon sou plizyè pwogram sekirite ki gen ladan "Si w Wé Yon Bagay, Di Yon Bagay" ak 'FortifyFL.' Pou plis enfòmasyon, vizite <https://mdspolice.com/>.

Konfòmite Dwa Sivil

"Office of Civil Rights Compliance (CRC)" (Biwo Konfòmite Dwa Sivil) M-DCPS la ap fè anpil efò pou asire tout manm nan kominote Distri a valorize e respekte kontribisyon ak opinyon youn lòt san konsiderasyon kategori ki pwoteje dapre laj, estati sitwayènte, koulè, andikap, sèks, idantite seksyèl, enfòmasyon jenetik (GINA), preferans lengwistik, kondisyon marital, kwayans politik, gwochès, ras, reliyon, oryantasyon seksyèl, oubyen background sosyal/familyal. Misyon CRC a se dekoraje arasman ak diskriminasyon atravè fòmasyon ak envestigasyon rapid detaye, sou plent pou arasman ak diskriminasyon ki baze sou kategori ki pwoteje yo. Anplisdesa, CRC reponn plent ak akizasyon yo depoze nan ajans ranfòsman eta a ak federal yo.

Lekòl Leta Miami-Dade County pa fè diskriminasyon sou baz sèks nan nenpòt pwogram edikasyon oubyen aktivite li opere jan sa egzije I nan Title IX. M-DCPS tou pa fè diskriminasyon sou baz sèks nan admision oubyen nan travay. Pou plis enfòmasyon konsènan Title IX oubyen nenpòt lòt enkyetid sou diskriminasyon/arasman, kontakte Depatman Edikasyon Etazini Asistan Sekretè pou Dwa Sivil oubyen:

**Office of Civil Rights Compliance (CRC)
Executive Director/Title IX Coordinator
155 N.E. 15th Street, Suite P104E
Miami, Florida 33132**

**Phone: (305) 995-1580 TDD: (305) 995-2400 Email: crc@dadeschools.net Website:
<https://hrdadeschools.net/civilrights>**

Sant pou Enfòmasyon Sitwayen

"Citizen Information Center (CIC)" (Sant Enfòmasyon pou Sitwayen), nan Lekòl Leta Miami-Dade County, se kote pou w ale si ou gen kesyon jeneral sou sistèm lekòl la. Sant la lokalize nan Chanm 102 Bilding Administrasyon Komisyón Konsèy Lekòl la, 1450 N.E. Second Avenue, e li ofri piblik la tou dokiman, enfòmasyon jeneral ak ajanda pou reyinyon Komisyón Konsèy Lekòl yo.

Sitwayen yo kapab kontakte sant la nan 305-995-1128 oubyen vizite li kòmanse lendi jiska vandredi soti 8è dimaten jiska 4:30 nan apremidi lè Bilding Administrasyon Lekòl la reouvè. Ou ka jwenn Sant Enfòmasyon pou Sitwayen an sou sit Entènèt sa a <http://cic.dadeschools.net>. Sit Entènèt CIC a genyen lyen ki pèmèt moun ale sou sit moun gade souvan yo, ansanm ak

fòm yo itilize pou fè demand dosye piblik yo, e pou moun mande pou yo prezante devan Komisyon Konsèy Lekòl la.

Pwogram Peye Swen Avan e Apre Lekòl nan Lekòl Eлементè ak Sant K-8

Yon fwa Distri a fè tranzisyon nan Etap II, e ansanm ak aplikasyon modèl Bilding lekòl la, M-DCPS ap ofri apeprè 300 pwogram swen apre lekòl ki pral enplemante nan tout lekòl elemantè yo ak nan Sant K-8 leta yo ak nan kèk lekòl mwayen nan jou lekòl. Pwogram swen apre lekòl yo fèt depi lè lekòl lage yo jiska 6è diswa. Paran yo dwe tcheke ak lekòl pitit yo pou lè kòmansman espesifik yo. Yo ofri pwogram swen avan lekòl yo selon machasuv direktè a epi li kòmanse apeprè inèdtan avan lekòl kòmanse.

Tout pwogram swen apre lekòl yo ofri aktivite ki planifye, ki gen ladan asistans ak devwa, jwèt timoun yo ka jwe anndan ak deyò, ar ak atizana, moman pou pran yon tigoute, ak yon varyete aktivite rekreyatif. Anpil pwogram ofri lesон patikilye nan lekti ak matematik, aktivite STEM, mizik, laboratwa òdinatè, seramik, echèk, ar dramatik ak lòt klas ki fèt pou ofri patisipan yo yon varyete eksperyans edikasyonèl anrichisan. Pwogram swen avan lekòl yo ofri elèv yo aktivite ki sipèvize e trankil. Pri pwogram swen apre lekòl se \$40 pa semèn; pri pwogram swen avan lekòl se \$20 pa semèn. Kounye a ou ka peye tout pwogram swen apre lekòl yo sou Entènèt nan itilize lyen FOCUS ou jwenn nan pòtal Paran M-DCPS la. Se sis founisè ki apwouve ki ap enplemante pwogram yo.

Nou ofri pwogram kan ete nan chak vakans ete sou yon baz limite, lendi jiska vandredi, soti 7è dimaten jiska 6è diswa. Ale sou www.dadecommunityschools.net pou plis enfòmasyon, e pou verifye dat ak orè nan andwa ki pi pre w la. Paran ki enterese dwe kontakte biwo direktè lekòl pitit yo pou konnen ki pwogram yo ofri. Ou ka gen plis enfòmasyon lè w rele Victor Ferrante, Direktè Egzekitif nan 305-817-0014, eks. 2500.

Lekòl Kominotè yo Ofri Opòtinite Edikasyonèl Nan Pri Abòdab

Yon fwa Distri a fè tranzisyon nan Etap II, e ansanm ak aplikasyon Modèl Bilding Lekòl la, endivid yo ap kontinye pwofite gwo kantite opòtinite edikasyonèl nou ofri atravè Pwogram Edikasyon Kominotè Lekòl Leta Miami-Dade County. Nou te kreye pwogram pèsonalize sa yo pou satisfè bezwen enstriksyonèl endivididyèl oubyen ti gwoup kominotè ki vle ogmante oubyen aprann yon ladrès ki konplètman nouvo.

Lekòl Leta Miami-Dade County ap opere 17 lekòl kominotè ak 21 etablisman edikasyon adilt ki ofri klas nan prèske tout sijè kòmanse sou yoga pou rive sou lang etranje ak fotografi – swa gratis oubyen nan pri ki trè abòdab. Klas yo disponib nan apremidi oubyen aswè pou elèv endivididyèl oubyen gwoup tout laj, nivo ladrès ak kapasite yo nan lang. Kounye a ou ka peye tout pwogram swen apre lekòl yo sou Entènèt nan itilize lyen FOCUS ou jwenn nan pòtal Paran M-DCPS la. Pou plis enfòmasyon sou avantaj ki genyen nan edikasyon kominotè, rele Msye. Victor Ferrante Direktè Egzekitif nan 305-817-0014, ekstansyon 2500 oubyen ale sou Entènèt nan: www.dadecommunityschools.net.

Kòd pou Konduit Elèv

“The Code of Student Conduct (COSC)” (Kòd pou Konduit Elèv) la sou menm liy ak lwa lokal, eta, e federal yo avèk yon anfaz pou pwomote yon anviwònman aprantisaj ki gen sekirite pou asire siksè akademik. COSC kreye estanda atant pou elèv yo suiv nan yon anviwònman ki gen objektif ak sekirite, kote yo valorize prensip atansyon, koutwazi, sivilite, enpasyalite, akseptans divèsite, ak respè pou dwa lòt moun. Li adrese tou wòl paran/gadyen, elèv, ak lekòl la, pandan li ap konsantre tou sou valè debaz yo ak modèl konpòtman elèv, dwa ak responsabilite elèv, nan adrese konpòtman elèv, ak pwosedi disiplinè.

Anplisdesa, nou dwe note tou move konpòtman yo komèt sou kanpous oubyen andeyò lekòl la ka vyolasyon COSC a e yo ka vyolasyon lwa Florid la tou. Vyolasyon sa yo ka lakòz otorite polis lokal yo enpoze aksyon disiplinè pa yo, anplis pa lekòl/distri a. Sipèèntandan an, direktè lekòl yo, ak lòt administratè dwe bay estrateji disiplin/korektif elèv yo dapre Kòd pou Konduit Elèv yo, e jan lalwa mande sa, pwoteje dwa elèv la pou bay li preavi, odyans, ak apèl pou pwosedi a.

Elèv oubyen paran ki gen difikilte pou entèprete COSC a dwe adrese enkyetid yo bay direktè/tris lekòl la. Anplis, si enkyetid yo genyen an pa rezoud nan nivo lekòl la, yo ka fè yon apèl nan biwo rejjon an e apre sa nan Distri a. Paran/gadyen ka gen aksè sou COSC a ann Anglè, Espayòl ak Kreyòl sou sit Entènèt M-DCPS la nan <http://ehandbooks.dadeschools.net/policies/90/index.htm> oubyen yo ka mande yon kopi nan lekòl pitit yo a.

‘Florida KidCare’: Asirans Sante pou Timoun nan Pri Abòdab!

‘Florida KidCare’ se asirans sante konplè pou timoun, ki pa gen asirans, depi nesans yo rive nan laj 18 ane. Nenpòt fanmi ka aplike; kantite lajan pou w peye depann de salè ak kantite moun ki gen nan fanmi an. Majorite fanmi peye \$15 oubyen \$20 chak mwa oubyen yo pa peye anyen ditou. Anpil elèv nou yo kapab elijib pou asirans sante atravè ‘Florida KidCare’ menmsi youn oubyen toude paran yo ap travay. Yo pa bezwen konnen kondisyon imigrasyon yon paran pou I aplike pou ‘Florida Kidcare’, epitou yo pa janm mande sa.

Sa yo se kat pwogram ‘Florida KidCare’ yo: “Medicaid” (Asistans Medikal) pou Timoun, “Healthy Kids” (Timoun Ansante), ‘MediKids’, ak “Children’s Medical Services” (Sèvis Medikal pou Timoun). Sèvis yo ofri yo gen ladan: vizit doktè, konsiltasyon ak vaksen, preskripsyon, sante mantal, lopital ak operasyon, sèvis pou zye ak zòrèy, swen dantè, ak ijans. Paran yo ka aplike sou entènèt tou nan <http://www.healthykids.org> e klike sou “Apply Online Now.” Pou plis asistans, rele ‘Florida KidCare’ nan 1-888-540-5437 (gratis).

‘Title I’

‘Title I’ se yon finansman federal yo bay lekòl ki gen gwo pouasantaj elèv ki defavorize ekonomikman fon pou ede asire tout timoun satisfè defi estanda akademik eta yo e jwenn yon edikasyon kalite siperyè. Yo itilize fon Title I pou ofri:

- Pi piti kantite elèv nan salklas oubyen lòt sèvis enstriksyonèl espesyal;
- Pwofesè ak èd pwofesè adisyonèl;
- Opòtinite pou devlopman pwofesyonèl adisyonèl pou anplwaye;

- Plis tan pou anseye elèv ladrès yo bezwen;
- Yon varyete metòd ansèyman siplemantè; ak
- Materyèl ansèyman adisyonèl ak teknoloji pou enstriksyon siplemantè regilye.

Pou w konnen si yo bay lekòl ptit ou a fon pou sèvis ‘Title I’, silvouplè vizite:

title1.dadeschools.net/

‘Project UP-START’

Project UP-START, Pwogram Edikasyon Lekòl Leta Miami-Dade County pou Elèv Sanzabri, ap sèvi fanmi ak elèv ki an tranzisyon depi 1992. Project Up-Start an konfòmite avèk lwa “Stewart B. McKinney-Bruce Vento Homeless Assistance Act” nan sipòte elèv ki pa gen yon lojman nan nuit ki fiks, regilye, e apwopriye e ki ap viv nan kategori ki ap suiv yo:

- Abri ijans oubyen lojman tranzisyonèl pou sanzabri
- Pataje lojman akoz yo pèdi kay oubyen difikilte ekonomik (“pataje espas avèk lòt moun”)
- Nan espas piblik, machin, plas piblik, lojman ki mal okipe, oubyen nan kan
- Nan motèl oubyen otèl akoz difikilte ekonomik

Nou ankouraje paran elèv ak Jèn ki pa Akonpaye yo ki nan kay enstab, pou yo ranpli Fòm Pwogram Timoun ak Jèn nan Tranzisyon, Kesyonè elijibilite elèv pou Pwojè UP-START (FM-7378) e soumèt li bay lyezon lekòl yo deziyen yo. Lè yo resevwa fòm ou ranpli a, yo ap enskri elèv la nan Pwogram Pwojè UP-START la e yo ap kalifye li pou sèvis sa yo

- Enskripsyón imeda nan lekòl
- Demand transpòtasyon pou ale nan lekòl yo te ye avan fanmi yo te vin sanzabri
- Leson patikilye apre lekòl nan kèk andwa yo seleksyone
- Repa midi gratis imeda
- Aktivite konsyantizasyon ak sansibilizasyon pou sanzabri pandan tout ane a
- Jesyon ka/rekòmandasyon pou fanmi yo jwenn aksè ak patnè kominotè yo

Project Up-Start fè plis pase sa lwa federal yo mande, nan ofri asistans pou fanmi ak elèv ki ap viv an tranzisyon avèk rekòmandasyon pandan tout ane a nan The Shop “Office of Community Engagement” (Biwo Angajman Kominotè) responsab, e ki jwenn sipò “South Florida Youth Foundation” (Fondasyon Jèn Sid Florid), ak “Foundation for New Education Initiatives” (Fondasyon pou Nouvo Inisyativ Edikasyon). Atravè tout ane lekòl la; e espesyalman pandan ouvèti lekòl, sezon fèt ak “prom” (bal gradyasyon), yo refere fanmi ak elèv yo nan ‘The Shop’ pou opòtinite pou vizite ‘The Shop’ la e chwazi valiz lekòl, founiti klasik, atik twalèt, manje ki pa perisab, rad, soulye, ak plis toujou.

Pou plis enfòmasyon, silvouplè kontakte Debra Albo-Steiger, ‘Director Community Outreach’ nan 305-995-1729 oubyen vizite paj entènèt Project UP-START la nan:

projectupstart.dadeschools.net/.

Pwogram Sipò Asistans Telefòn nan Florid

Asistans Sipò Kominikasyon ant paran ak pèsonèl lekòl la enpòtan anpil pou siksè yon elèv. Sepandan, pou kèk paran kenbe kontakte pa telefòn enposib paske yo pa kapab peye sèvis la. Erezman, pwogram Asistans Sipò Telefòn nan fèt pou asire tout rezidan Florid yo jwenn aksè a sèvis telefòn ak koneksyon lakay yo.

‘Lifeline’, ki se yon pati nan Pwogram Sèvis Invèsel federal la, fèt pou fanmi ki gen revni ba pou jwenn yon kredi \$ 9.25 sou peman mansyèl telefòn yo e/oubyen bòdwo ‘broadband’ yo. Enskripsyón an fasil pou aplikan ki kalifye yo. Paran yo kalifye si pitit yo enskri nan pwogram Nasyonal Repa Midi Lekòl repa midi gratis la. Yo ka kalifye tou baze sou yon pwogram benefis piblik oubyen kalifikasyon revni.

Nou ap jwenn bwochi ak fòm pou aplikasyon ‘Lifeline’ nan disponib ann Anglè, Espayòl, ak Kreyòl sou paj entènèt prensipal ‘Florida Public Service Commission’s (PSC)’ nan: <http://www.floridapsc.com/consumerassistance/lifelineAssistance>.

Pou plis enfòmasyon, aplikan yo ka rele konpayi telefòn lokal yo a, ‘Office of Public Counsel’ nan 1-800-540-7039 oubyen PSC nan 1-800-342-3552.

Asistans Aksè Entènèt

Xfinity pran plizyè aksyon pou sipòte kominate nou an e pou asire ou rete konekte pou sèvis komunikasyon enpòtan. Pou ka konnen plis toujou kliké <https://www.xfinity.com/prepare>.

Pou moun ki pa ka peye aksè entènèt, ‘Xfinity WIFI hotspots’ atravè konte a ouvè pou nenpòt moun ki bezwen ‘WIFI’. Yo gratis pou tout moun, menm pou sa ki pa gen abònman Entènèt ‘Xfinity’. Yon fwa ou nan yon ‘hotspot’, kliyan an dwe chwazi non rezo “xfinitywifi” nan lis ‘hotspots’ ki disponib yo, epi lanse yon “browser” (navigatè). W ap jwenn yon kat ki gen lis ‘Xfinity hotspots’ ki disponib nan <https://wifi.xfinity.com/>.

‘Comcast’s Internet Essentials’ gratis pou nouvo kliyan. Atravè pwogram nan, nouvo kliyan yo ap resevwa 60 jou sèvis koutwazi ‘Internet Essentials’ gratis, ki òdinèman disponib pou tout fanmi revni ba pou \$9.95/mwa. Anplisdesa, pou tout nouvo ak ansyen kliyan ‘Internet Essentials’, nou ogmante vitès pwogram nan ak 25 Mbps ‘downstream’ e a 3 Mbps ‘upstream’. Ogmantasyon sa a ap antre nan sèvis la san frè adisyonèl e li pral tounen nouvo baz pou pwogram nan alavni. Pou plis enfòmasyon, kliké <https://corporate.comcast.com/press/releases/internet-essentials-low-income-broadband-coronavirus-pandemic>.

AT&T ofri aksè entènèt pou fanmi revni ba a ki kalifye \$10 pa mwa atravè aksè yo jwenn nan pwogram AT&T a. Yo ofri kliyan AT&T yo nouvo aksè pou de (2) mwa sèvis gratis. Pou w aprann plis, kliké <https://digitalyou.att.com/low-cost-internet/>.

Chemen Diplòm

Elèv Lekòl Leta Miami-Dade County gen anpil chwa. Youn nan yo se ki kalite diplòm pou elèv yo pousuiv, baze sou pwòp talan ak bezwen yo. Elèv yo ka planifye trajektwa akademik yo, ki ap prepare yo pou siksè nan kolèj ak karyè. Pami deziyasyon diplòm yo genyen: Diplòm Distenksyon Sipèntandan an, Deziyasyon Elèv, Deziyasyon Merit, "Seal of Biliteracy" (So Konn Li e Ekri nan De Lang) ak Diplòm Capstone IB, AICE, AP. Distri a ankouraje elèv yo pou yo rete enfòme pandan y ap prepare yo pou antre nan lekòl segondè. Pou enfòmasyon adisyonèl, vizite diplomapathways.dadeschools.net/. pou gade tout opsyon ki disponib yo.

Demand pou Gradyasyon

Elèv "Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)" (Lekòl Leta Miami-Dade County) ki ap antre nan 9yèm ane eskolè ka chwazi youn nan kat opsyon eta a apwouve pou yo ka resevwa yon diplòm estanda.

- Pwogram 24-kredi*
- Opson 18-kredi "Accademically Challenging Curriculum to Enhance Learning (ACCEL)" (Akademikman Estimilan pou Amelyore Enstriksyon)
- 18-kredi, Gradyasyon Chemen Karyè ak Edikasyon Teknik
- Yon kourikoulòm "International Baccalaureate (IB)" (Bakaloreya Entènasyonal)
- Yon kourikoulòm "Advanced International Certificate Education Program (AICE)" (Pwogram Edikasyon Sètifikasi Entènasyonal Avanse)

*Anplis, gen de (2) opsyon pou elèv ki gen andikap, yo ka konplete nan pwogram 24-kredi a. Pou plis enfòmasyon sou pwogram edikasyon elèv eksepsyonèl yo, vizite sit Entènèt Biwo Florid Edikasyon Eksepsyonèl ak Sèvis Elèv nan <http://www.fl DOE.org/academics/exceptional-student-edu>.

- Tout opsyon diplòm mande pou elèv fè yon nòt pasaj nan Egzamen Lekti 10èm ane "English Language Arts Florida Assessment" (Evalyasyon Florid pou Lekti/Redaksyon ann Anglè), oubyen nenpòt nan egzamen Komisyón Kolèj la, SAT oubyen ACT.
- Elèv yo dwe resevwa yon nòt ki montre yo pase egzamen Aljèb 1 "End-of-Course (EOC)" (Fen Kou) a oubyen yo resevwa yon nòt pwopòsyonèl nan egzamen Komisyón Kolèj la, SAT oubyen ACT.
- Yo mande pou elèv konplete *omwen yon kou sou Entènèt* nan lekòl segondè pou yo ka gradye.

Elèv yo dwe chita avèk konseye lekòl yo pou asire yo gen bonjan enfòmasyon konsènan kou ak evalyasyon yo mande pou gradyasyon, ansanm ak lòt enfòmasyon enpòtan yo bezwen pandan yo nan lekòl segondè, e pandan y ap fè plan pou edikasyon apre lekòl segondè.

Pou plis enfòmasyon ki pi detaye konsènan demand pou diferan diplòm, klike sou lyen ki anba a pou "Florida Department of Education's Academic Advisement" (Depatman Edikasyon Florid sou Konsiderasyon Akademik): www.fl DOE.org/academics/graduation-requirements. Si w bezwen plis enfòmasyon espesifik, silvouplè kontakte konseye lekòl ptit ou e/oubyen administratè yo. Nan travay ansanm, paran ak anplwaye lekòl M-DCPS ka vrèman fè yon diferans pou elèv nou yo.

Pwogram Konpreyansif Sèvis Elèv la Satisfè Bezwen Elèv Sipòte Sèvis pou Elèv an Fanmi yo

Divizyon Sèvis Elèv la ap aplike Pwogram Sèvis Konpreyansif pou Elèv la ki ap sèvi elèv, soti nan klas matènèl rive nan klas adilt. Atravè efò kolaborasyon avèk ajans kominotè yo, yo adrese bezwen akademik, pèsonèl/sosyal, ak devlopman karyè elèv yo atravè yon apwòch travay ann ekip. Yon ekip ki gen ladan sèlman pwofesyonèl ki gen fòmasyon pou sèvis elèv mete ansanm pou bay elèv yo sèvis dirèkteman. Sèvis sa yo konsantre pou elimine baryè sosyal ak emosyonèl ki redui siksè akademik elèv yo e prepare elèv pou yo prè pou kolèj ak karyè.

Konseye lekòl yo se manm ki enpòtan anpil pou ekip edikasyon an. Koneksyon ak kolaborasyon ki fèt ant konseye lekòl yo, moun ki gen enterè nan kominote a ak lòt ajans yo se kle pou fèmen vid elèv yo ka ap fè fas pou ede yo vin adilt ki jwenn siksè nan lavi. Patenarya ki etabli avèk òganizasyon swen sante kominotè yo ogmante tou kantite sipò ki disponib pou elèv ak fanmi yo.

Pwogram Sèvis Konpreyansif pou Elèv la sipòte akonplisman elèv atravè prevansyon, entèvansyon ki efikas, ak sèvis repons lè gen kriz. Pou plis enfòmasyon, silvouplè kontakte Martha Z. Harris, Direktris Administratif, Divizyon Sèvis Elèv, nan 305- 995-7338.

Prevansyon Kont Nuizans

Lekòl Leta Miami-Dade County pran akizasyon sou nuizans/arasman seryezman. Lè w gen enkyetid sou konpòtman nuizans oubyen arasman, kontakte pwofesè pitit ou a imedyatman. Ou ka rapòte enkyetid ou yo vèbalman e/oubyen ranpli Fòm Rapò Nuizans ak Arasman an, ou ka jwenn nan sit entènèt sa a: <http://forms.dadeschools.net/webpdf/7229.pdf>

Si sitiyasyon an pa rezoud avèk siksè, ou ka mande konseye pitit ou a pou li entèvni. Si pwoblèm nan ta kontinye pèsiste, avèti direktè lekòl la. Ou ka kontakte tou Liy Asistans Dirèk kont Nuizans/Arasman an, anplwaye Divizyon Sèvis Elèv ap sèvi nan biwo Distri a. Ou ka kontakte yo nan 305-995-CARE (2273). Liy Asistans la gen anplwaye ap travay kòmanse 7:30 dimaten - 4:30 nan apremidi, soti lendi jiska vandredi. Ou ka bay enfòmasyon anonim. Nou ap reponn tout mesaj yo san pèdi tan. Ou ka jwenn plis enfòmasyon konsènan nuizans ak arasman nan lyen sa a: studentservices.dadeschools.net/bullying/.

Pwogram Asistans pou Kolèj

“College Assistance Program (CAP)” (Pwogram Asistans pou Kolèj), se yon pwogram konsèy apre lekòl segondè nan tout lekòl segondè nan Miami-Dade County. Pwogram nan gen yon atansyon espesyalize ki pèmèt konseye CAP yo sèvi elèv yo yon fason ki pi efikas akoz ekspètiz espesifik yo genyen nan domèn nan. Konseye CAP yo kominike efektivman nan non elèv yo gras ak relasyon espesyal yo avèk reprezantan kolèj yo ansanm ak òganizasyon lokal, eta e nasyonal yo.

Konseye CAP yo sèvi kòm fòmatè tranzisyon pou ede elèv yo planifye etid yo apre lekòl segondè. Yo òganize fowòm sou kolèj ak fwa kolèj nan etablisman lekòl yo, patwone vizit nan

kolèj, ofri asistans avèk èd finansye, aplikasyon nan kolèj, chwazi kolèj, konsèy akademik, preparasyon egzamen, enfòmasyon sou bousetid, redaksyon pou kolèj, e sipòte elèv ak fanmi yo pandan tout faz pwosesis planifikasyon etid apre lekòl segondè a. Pwogram Asistans Kolèj la ofri lekòl segondè yo resous kolaboratif ki pwomote yon kilti ki ankouraje elèv ale nan kolèj e asire chak elèv gen yon plan etid apre lekòl segondè ki reyalizab.

Pandan ane lekòl ki ap vini an, pwogram CAP la ap lanse yon nouvo zouti elektwonik konpreyansif planifikasyon pou kolèj, 'Scoir'. Zouti sa a aksesib pou tout elèv lekòl segondè ak paran yo. 'Scoir' ap pèmèt elèv yo fè rechèch kolèj, vizite kolèj sou entènèt, patisipe nan sondaj sou karyè, e resevwa komunikasyon enpòtan ki soti nan men konseye ak konsiltan kolèj yo. Paran yo tou ka kreye kont 'Scoir' yo e jwenn aksè sou enfòmasyon enpòtan konsènan planifikasyon chwa kolèj ak karyè pitit yo.

CAP travay an kolaborasyon avèk "College Assistance Program (CAP, Inc.)" (Pwogram Asistans pou Kolèj, Enkòpore), yon òganizasyon 501(c)(3) ki pa la pou pwofi, pou ka bay plizyè milye dola pou ede elèv ki deside ale nan kolèj. Don CAP, Inc. yo se don "last dollar" (lajan yo bay elèv avèk kèk kondisyon) ki satisfè bezwen finansye elèv ki nan tranzisyon pou edikasyon apre lekòl segondè. Pou plis enfòmasyon, elèv yo ta dwe kontakte konseye CAP lekòl yo nan Depatman Sèvis Elèv la oubyen rele Divizyon Sèvis Elèv la, nan 305-995-7338.

Fwa Kolèj Nasional

Elèv ak paran nan Sid Florid la ap ka rankontre reprezantan k ap soti nan plis pase 200 kolèj ak inivèsite nan Fwa Nasional Kolèj 2021 Miami an, dimanch 21 fevriye 2021. Nou envite elèv, paran ak lòt moun pou patisipe nan fwa **gratis** sa a. Evènman an ap pèmèt elèv ak paran yo rankontre avèk plis pase 200 reprezantan kolèj e jwenn repons pou kesyon yo. Yo ap ofri sesyon enfòmasyon ann Anglè, Espayòl, ak Kreyòl sou èd finansye, planifikasyon pou kolèj, ak sa yo mande elèv yo pou admisyon e pou yo pran egzamen. Ap gen yon sant konseye ak anplwaye ki ap la pou bay enfòmasyon sou preparasyon pou kolèj, admisyon ak bousetid.

"National Association for College Admission Counseling (NACAC)" (Asosyasyon Nasional Konseye pou Admisyon nan Kolèj) ak Lekòl Leta Miami-Dade County ap patwone evènman an. Manm Komisyon Konsèy Lekòl Perla Tabares Hantman se ko-chèmann komite lokal Fwa Nasional Kolèj la. Chak ane NACAC patwone fwa nan vil atravè peyi a, ki atire plis pase 650,000 elèv ak paran. Pou plis enfòmasyon, kontakte Martha Z. Harris, Direktris Administratif, nan 305-995-7338 oubyen vizite www.nacacnet.org.

Sant Rejyon yo

Yo soudivize Lekòl Leta Miami-Dade County an twa rejyon. Chak rejyon gen ladan yon sipètentandan rejyon ak anplwaye ki responsab pou bay paran ak elèv sipò ak asistans. Paran ka adrese kesyon oubyen sousi yo genyen, konsènan lekòl pitit yo ki pa rezoud nan nivo lekòl la, avèk yon direktè Sant Rejyon. Si paran yo pa satisfè ak rezulta yo jwenn nan, yo ka ale ann apèl kont desizyon an devan sipètentandan rejyon ki nan Sant Rejyon an. Yo ka adrese kesyon ki gen rapò avèk règleman sou limit, prezans ak transfè nan Sant Rejyon an. Men adrès ak nimewo telefòn biwo yo:

SANT REJYON NÒ http://northregion.dadeschools.net/ 733 East 57th Street Hialeah, FL 33013 305-572-2800	SANT REJYON SANTRAL http://centralregion.dadeschools.net/index.html 5005 N.W. 112nd Avenue Doral, FL 33178 305-499-5050	SANT REJYON SID http://southregionoffice.dadeschools.net 18180 S.W. 122nd Avenue Miami, FL 33177 305-252-3041
<u>northregion.dadeschools.net/</u> Sipètentandan Rejyon an: Msye. Jose Bueno	<u>centralregion.dadeschools.net/index.html</u> Sipètentandan Rejyon an: Dtè. John Pace	<u>southregionoffice.dadeschools.net/</u> Sipètentandan Rejyon an: Madan Barbara A. Mendizábal

Règ Kont Diskriminasyon

Lwa Federal ak Eta yo

Komisyón Konsèy Lekòl Miami-Dade County, Florid aplike règ kont diskriminasyon nan anplwa ak pwogram/aktivite edikasyonèl e li fè efò pozitif pou ofri opòtinite egal pou tout moun nan:

"Title VI of the Civil Rights Act of 1964" (Akò 1964 sou Dwa Sivil 'Title VI') - entèdi diskriminasyon sou baz ras, koulè, reliyon, oubyen orijin nasyonal.

"Title VII of the Civil Rights Act of 1964" (Akò 1964 sou Dwa Sivil 'Title VII') jan yo amande li – entèdi diskriminasyon nan anplwa sou baz ras, koulè, reliyon, sèks (fi/gason) oubyen orijin nasyonal.

"Title IX of the Education Amendments of 1972" (Amandman 1972 nan Edikasyon 'Title IX') - entèdi diskriminasyon sou baz sèks (fi/gason). M-DCPS pa diskrimine sou baz sèks nan kèlkeswa pwogram edikasyon oubyen aktivite li opere jan Title IX mande l. M-DCPS pa diskrimine tou sou baz sèks nan admisyon oubyen anplwa.

"Age Discrimination in Employment Act of 1967 (ADEA)" (Akò 1967 Kont Diskriminasyon sou Laj nan Anplwa) jan yo mande li - entèdi diskriminasyon sou baz laj nan sa ki konsène moun ki gen omwen 40 an.

"The Equal Pay Act of 1963" (Akò 1963 sou Egalite nan Salè) jan yo amande li – entèdi diskriminasyon kont sèks (fi/gason) nan salè pou fi ak gason ki ap pèfòme sibstansyèlman travay egal nan menm etablisman an.

"Section 504 of the Rehabilitation Act of 1973" (Seksyon 504 Akò 1973 sou Reyabilitasyon) – entèdi diskriminasyon kont moun ki gen andikap.

"Americans with Disabilities Act of 1990 (ADA)" (Akò 1990 sou Ameriken ki gen Andikap) – entèdi diskriminasyon kont moun ki gen andikap nan anplwa, sèvis leta, akomodasyon publik ak telekomunikasyon.

"The Family and Medical Leave Act of 1993 (FMLA)" (Akò 1993 sou Vakans Medikal ak Fanmi) – mande pou anplwaye ki anba akò sa a bay jiska 12 semèn vankans san peye pou pwoteksyon travay pou anplwaye ki elijib pou sèten rezon familyal ak medikal.

"The Pregnancy Discrimination Act of 1978" (Akò 1978 Kont Diskriminasyon nan Gwosès) – Entèdi diskriminasyon nan anplwa sou baz gwosès, akouchman, oubyen kondisyon medikal ki gen rapò ak sa.

"Florida Educational Equity Act (FEEA)" (Akò sou Egalite nan Edikasyon nan Florid) – entèdi diskriminasyon sou baz ras, sèks (fi/gason), orijin nasyonal, kondisyon marital, oubyen andikap kont yon élèv oubyen yon anplwaye.

"Florida Civil Rights Act of 1992" (Akò 1992 sou Dwa Sivil nan Florid) – asire pou tout moun anndan eta a gen libète kont diskriminasyon akoz ras, koulè, reliyon, sèks, orijin nasyonal, laj, andikap, oubyen kondisyon marital.

"Title II of the Genetic Information Nondiscrimination Act of 2008 (GINA)" (Akò 2008 'Title II' sou Absans Diskriminasyon nan Enfòmasyon Jenetik - entèdi diskriminasyon kont anplwaye ak aplikant akoz enfòmasyon jenetik.

"Boy Scouts of America Equal Access Act of 2002" (Akò 2002 sou Aksè Egal pou Eskout Gason nan Amerik la) – Okenn lekòl leta pa dwe anpeche aksè egal, oubyen yon opòtinitite rezonab pou gwoup rankontre sou pwopriyete lekòl oubyen nan etablisman lekòl avan oubyen apre lè lekòl, oubyen fè diskriminasyon kont kèlkeswa gwoup ki afiliye ofisyèlman avèk 'Boy Scouts of America', oubyen nenpòt gwoup jèn oubyen gwoup komunitè ki sou lis 'Title 36' (kòm yon sosyete patriyotik).

Veteran gen dwa pou rejwenn anplwa ann akò avè P.L. 93-508 (Lwa Federal) ak Seksyon 295.07 (Lwa Florid), ki ensiste sou preferans kategorik pou anplwa.

Anplis:

Règ Komisyón Konsèy Lekòl 1362, 3362, 4362, ak 5517 - Entèdi arasman e/oubyen diskriminasyon kont élèv anplwaye, oubyen aplikant sou baz sèks, ras, koulè, etnisite oubyen orijin nasyonal, reliyon, sitiayson marital, andikap, enfòmasyon jenetik, laj, opinyon politik, oryantasyon seksyèl, sèks fi/gason, idantifikasyon seksyèl, ran sosyal ak istwa familyal, preferans lengwistik, gwosès, kondisyon sitwayènte oubyen nenpòt lòt baz lalwa entèdi. Yo entèti tou retalyasyon kont yon moun ki patisipe nan yon aktivite ki pwoteje.